# КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Билан Димэ Евровиденэм щытокIуэ!

ФНФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№100 (21.258) ● 2008 гъэм накъыгъэм (майм) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

●Урысей телъыджэ

Билан Димэ Евровиденэ зэпеуэм щыщытекIуа дакъикъэм. *Белград, 2008 гъэ, накъыгъэм и 25*

«КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ льапIэмкIэ Къанокъуэ Арсен йохъуэхъу. *2006 гъэ*

# Ди хэкуэгъу ныбжьыщIэм игъэлъэгъуа зэфIэкIыр

**2006 гъэм «Евровидение» европэпсо зэхьэзэхуэ иным етIуанэ увыпIэр къыщыхьухьауэ щыта, Урысей шоу-бизнесым лъэ быдзкIэ хэуба ди хэкуэгъу уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Билан Димэ иджы яп увыпIэр къыщытухуихьащ а зэпеуэм. Къэрал 25-м икIа уэрэджыIакIуэ лъэщхэм ди хэкуэгъум къытекIуэн къаухьакъым.**

БИЛАН и гуащIэм дихьэх щIыхь мелуан бжыгъэхэр («ирисымэджащ» абы и зыкъэгъэлъэгъуэныгъэм, «Евровидение-2008»-м щыжиIэ «Believe Me» композицэр зэрылъэщыр, ди уэрэджыIакIуэм и макъыр зэрытелыджэр я фIэщ хьу пэтми. Билан Димэ уэрэд щыжиIэм и гуэсу зыкъагъэлъэгъуащ мылым кIыщжьыхьыныжьмкIэ олимп чемпион Плющенкэ Евгенийрэ Страдиварэ и скрипкэм еуа скрипач цIэрыIуэ мэжэр Мартон Эдвинрэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен** гуапэу екъухъуащ Билан Димэ и ехъулIэныгъэм папщIэ икIи кIыльытащ «КъБР-м и цIыхубэ артист» цIэ льапIэр абы етын хуейуэ.

- Дигуми ди псэми кIыбгъэдэкIыу дохъуэхъу Билан Димэ, - жиIащ Президентым. - ЛIыгъэ иIэу кIыщIэкIащ, зыхуигъэувыжа мурадыр зыIэригъэхьэным ерыщу пылъащ. Урысейми Къэбэрдей-Балъкъэрми я пащхьэм щIэ фIыщIэмрэ и ехъулIэныгъэмрэ папщIэ абы хуэфащэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэ и лъэныкъуэкIэ и щIыхьыщIэ нэхъ лъапIэ дыдэрэ фIэщыщ. Къащтэмэ, абы и гуащIэм дихьэх щIыхь мин бжыгъэхэр щыпсэу республикэм ар куэд щIауэ и щIыхьэ артистщ.

Дунейпсо чемпионатым щытекIуа Урысей Федерацэм и хоккей командэм, УЭФА-м и кубокыр къэзыхьа «Зенит» футбол клубым я ехьулIэныгъэхэм къыпызыщэщ ди хэкуэгъу ныбжьыщIэм игъэлъэгъуа зэфIэкIыр. Гъуэзджэмрэ спортымрэ я мызакъуэу, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи ди къэралым дунейпсо утыкум япэ увыпIэхэр зэрыщиубыдыр гухэхъуэщ, - жиIащ гушхуэныгъэ хэлъу Къанокъуэ Арсен.

КъБР-м и цIыхубэ артист цIэ льапIэр нэхъ щIалэ дыдэу зифIащуэу зэкIэ щытынур Димэщ. И ехьулIэныгъэхэмкIэ дяпэкIи дигъэгуфIэну дохьуэхьу.

***КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анI1.***

## Iуэхур зэхагъэкI

**Милицэм и лэжьакIуэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэм хэтхэмрэ тхьэмахуэкIэ къалъыхъуа. Красноярск щыщ школакIуэ хьыджэбз щыкIур къагъэтэжащ.**

Илъэс 13 зи ныбжь Газнафари Фаридэ и лъэужьым щытехьар щэбэт махуэрщ. Ар псэущ, узынщащ. Абы зэрыжиIамкIэ, ар и гуэсущ. нэхъапэм и щIыхугъэу щымыта щIыхубзым.

Хабзэм и лэжьакIуэхэм Iуэхур зэхагъэкI.

## Мыхьэнэшхуэ ирет

**Дунейпсо зэгухьэныгъэр Афганистаным нэхъыфIу дэIэпыкъуным ятеухауэ щытыныщ мэкъуауэгъуэ мазэм Париж къыщыхалъхьэну конференцыр.**

А хьыбарыр кIыбгъэдэкIащ Урысейм и МИД-м и Iэтащхьэ Павров Сергей. Абы къыхэзрыхигъэщамкIэ, Мэзкуу мыхьэнэшхуэ ирет Афганистаныр мамырыгъэр щытепщэ, щхьэхуитыныгъэ нэс зиIэ къэрал хъуным.

***(ИТАР-ТАСС).***

## НОБЭ

**●Библиотекэхэм я Урысейпсо махуэщ.** Пащтыкъ публичнэ библиотекэр къэхъэрэзIуахрэ илъэс 200 зэрыкъур гъэлъэпIэн мурадкIэ, 1995 гъэм накъыгъэм и 27-м УФ-м и Президентым и унафэкIэ ягъэуващ.

♦ Илъэс 305-рэ и пэкIэ (1703) Санкт-Петербург къалэр ухуэн щIадзащ.

♦ Накъыгъэм и 27-30-хэм Санкт-Петербург щыIэзэхэтынущ газ промышленностым и «Рос-Газ-Экспо-2008» XII Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр.

♦ Илъэс 85-рэ и пэкIэ (1923) къалъхуащ американ къэрал, политикэ лэжьакIуэ, дипломат, Нобель и саугъэтым и лауреат (1973) **Киссинджер Генри**.

♦ Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1933) къалъхуащ урыс математик, РАН-м и член-корреспондент, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат (1977) **Бесов Олег**.

♦ Илъэс 60 и пэкIэ (1948) къалъхуащ СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым и Лыхъужь (1985) **Волков Александр**.

♦ Илъэс 35-рэ и пэкIэ дунейм ехыжащ механикэ, ядер физикэ, энергетикэ IэнатIэхэм щыIэзрыIуэу щыта совет аджагъэшхэу, СССР-м и АН-м и академик, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, Лениным (1961), СССР-м и Къэрал саугъэтхэм (1951,1954) я лауреат **Миллионщиков Михаил** (1913 - 1973).

♦ **Дыгъэр кIыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 30-м, къухьэжьынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 40-м.**

♦ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 10-рэ.**

***Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар*** **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликъ.**

## УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр яубзыху

**Премьер Путин Владимир ыгъуасэ иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и Президиумым и яп1э зэIуцIэр.**

Абы щызэпкърахащ 2009 - 2011 гъэхэм налог политикэм и унэтIынагъэ нэхъыщхьэу щытынуэр, ветеранхэмрэ ныкъэдыкъуэхэмрэ дэIугъыным, Урысеймрэ белоруссиемрэ я щIыхуэр а къэралхэм хуиту щызекIуэным, щыпсэуну щIыпIэхэр къыхахыным зэхуэдэ лъабжьэ къахуэгъэпэщыным теуауа лъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэм арэзы техьэуэным ехьэлIа Iуэхугъуэхэр.

Путин Владимир кIыгъэуващ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр СНГ-м хыхьэ къэралхэм я щIыналъэхэм жылагъуэ транспортIа пIащIэщу щызекIуэным теухуа протоколым Iэ щIадзыну. Абы и унафэ къыщащтащ СНГ-м хэт къэралхэм я правительствэхэм я Iэтащхьэхэм я зэIуцIэу накъыгъэм и 23-м Минск къалэм щекIуэкIам.

## Европей щапхъэ

**Предприятэу 30-м нэблагъэ елэжьыныгъ мы ильэсым ди республикэм къыщрахьэлIэну пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIэмрэ.**

КъБР-м и консерв заводхэм мы ильэсым къалэну зыхуагъэувыжащ пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэмкIэ сом мелуан 500 и уасэ къыщIагъэкIыну. Ар банкIэ мелуани 150-м нос. Мы зэманым заводхэр хуагъэхьэзыр лэжьыгъэр и гуащIэгъэуцугъэкIыну пIалъэм. БлэкIа ильэсхэм ельытауэ 2008 гъэм нэхъыбэж къыщIагъэкIыну я мурадщ Аруан куейм и «Агро-Инвест» IэнатIэм, Тэрч къалэм дэт ерыскъыхэкIэм щелэжь комбинатым, Урыху, Налшык консерв заводхэм. Мы ильэсым къалэн щхьэхуэхэмкIэ IуащIащ Тэрч куейм щIэуэ къыщыщIэуаха «Консервпром» ООО-р. 2008 гъэм и пэщIэдзэхэм мы IэнатIэм инвесторхэм я мылыкуу сом мелуани 100 хальхьащ икIи заводым и цеххэм щагъэуващ Италием къраша горох щхьуантIэм зэрелэжьыну иджыредI Iэмэпсымэхэр. КъыщIагъэкI ерыскъыхэкIэр зэралъхьэну жэз банкIэхэр европей щапхъэм иту ягъэхьэзэыр. Заводым щагъэжIкIа зэхьэзэныныгъэхэм я фIыгъэкIэ абы щыху 60-м лэжьыгъэ щагъуэтащ.

**БЭРБЭЧ Борис.**

Лъэпкъ Iуащигъэ:

## ПщIищэ нэхъыр - зы пэж.

## Медалхэр къахьащ, ауэ Пекин кIуэну?

**Накъыгъэм и 23-24-хэм Москва щекIуэкIащ дзюдомкIэ Суперкубокыр къэхьыным теухуа дуейпсо зэхьэзэхуэ. Абы кърихьэлIащ къэрал 40-м щIигъуэ я командэхэр. Зэпеуэр Олимп Джэгуэхэм кIуэнуэрыхьахъэщIэу щытащ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и щIыхьыр яхъумэу зэпеуэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ льащхэу Тау Хьэсэнбийр (кг 90) УншэхуэлI Аслъэнрэ (кг 100) икIи екъулIэныгъэ яIэу къагъэзэжащ.

Тау Хьэсэнбий Суперкубокым и жэз медалыр Новосибирск щыщ Магомедов Камил къыфIихьащ. УншэхуэлI Аслъэн финалым щыбэнащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхьущи, абы къефIэкIащ Санкт-Петербург и дзюдоист цIэрыIуэ, Европэм и чемпион Гасымов Руслан. УншэхуэлIым дыжьын медалыр къыдельысащ. ЩIалэхэм я тренерыр Емкъуж Мухьэмэдщ.

Суперкубокым и ужькIэ Европэм и команд1эхэ чемпионатыр Москва япэу щекIуэкIащ. Абы япэ увыпIэр щаубыдащ Урысей Федерацэм и дзюдоистхэм. Финалым ди щIалэхэм хагъэщащ Монголием и бэнакIуэхэр, бжыгъэр 4:1-уэ. Къыхэдгъэщащи, монголхэм зыч очко закъуэр зыфIахьар ди Джэданэ Алимщ.

Европэ командн1э чемпионатым етIуанэ щыхьуахэщ Монголием и дзюдоистхэр, Украинэм и Украинэмрэ я бэнакIуэхэр ещанэщ.

УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Табаков Сергей зэхьэзэхуэ нэужьым къыщрихьэгъащамкIэ, Пекин щекIуэкIыну Олимп Джэгуэхэм кIуэну дзюдоистхэм я цIэр кърагIуэну пасэщ. Сыту жыпIэмэ, ар зыхуэфащэ бэнакIуэхэр иджыри налуэ хъуакъым.

Урысейм и спортсменхэм я зэфIэкIыр къыIэтащ зэхьэзэхуэм еплъхэм Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ **Путин Владимир** УФ-м спортымкIэ, туризмэмкIэ, щIалэгъуалэ политикэмкIэ и министр **Мутко Виталий**, КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**сымэ зэрыхэтам.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

## Ди хэку-гъэпсыгъуэхэм

### Хъарзынэу къохъулIэ

АДЫГЕЙ. *Урысей Федерацэм и Къэзыбк палатэм и лэжьакIуэ гуп Адыгейм щыIэщ. Абыхэм щыгъуазэ зашI республикэм и апхуэдэ Iэнатlэм и лэжьыгъэ къызэрэпэщыкIэм, финанс мониторинг зэрырагъэкIуэкI щыкIэм, нэгъуэщIхэми.*

АДЫГЕЙМ и президентым и пресс-Iуэхущ1анI1м къызэриатамкIэ, УФ-м и Къэзыбк палатэм и аппаратым и унафэщым и къуэдзэ Сталеров Николай зи пашэ хьэщIэхэр ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий хуэзащ. Ахэр тепсэлыхьащ республикэ бюджетыр зэхэгъэуцуэныкIэ, бюджет ахъщэр тэмэму къэгъэсэбэныныкIэ, финанс ныкъуасанигъэхэр къэмыгъэхъуныкIэ щыпIэ къэзыбк палатэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм икIи ахэр хъарзынэу къехьлIэу къалытащ.

### Абхъазыр зыдагъэIэпыкъу

АБХЪАЗ. *Краснодар крайм и губернатор Ткачев Александррэ «Олимпстрой» Къэрал корпорацэм и тхьэмадэ Колодяжный Викторрэ иджыблагъэ Гагрэ къалэ щыIущIащ республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей.*

ЛЪЭНЫКЪУИТIЫР зэгуры1уащ Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгуэхэм хуагъэхьэзырыну спорт Iуэхущапlэхэм ирахьэлIэну псэуальэпхъэхэр Абхъазым и деж къыщащэхуну.

«Сочэ километр 30 - 40 хуэдизкIэ фIэкIа пэмыкIжьэ Абхъазым псэуальэпхъэхэр къыщыпщэхуным нэхъ фейдэ пылъщ икIи нэхъ пущ ахэр километр 200 - 300-кIэ УФ-м и нэгъуэщI щыналъэхэм къипщынымкIэ, - къыхигъэщащ Ткачев Александр.

ЗэIуцIэм хэтащ Абхъазым и премьер-министр Анкваб Александр, Гагрэ къалэ администрацэм и унафэщI Кецбэ Астамур сымэ, нэгъуэщIхэри.

### Футболым зрагъэужь

*Республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей иджыблагъэ Москва щрагъэкIуэкIа пресс-конференцым щыжиIащ Сыхьум и «Динамор» илъэс кьакIуэ УФ-м футболымкIэ и зэхьэзэхуэм и етIуанэ дивизионым хагъэхьэным теуха зэпсэльэныгъэхэр зэрыригъэкIуэкIыр.*

БЭГЪЭПЩ Сергей къызэхуэсахэм ягу кIигъэкIыжащ баскетболымкIэ Сыхьум и «Абхъаз» командэр Урысей Ипщэм и щIыналъэм щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтыр. Иджы чэзур «Динамом» къыльысащ. Республикэм и унафэщым къызэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэм футболым зыщиужьыныкIэ ар сэбэп хъунущ. Абхъаз командэр екIуу УФ-м и чемпионатым хэтын щхьэкIэ, псом япэу «Динамо» республикэ стадионым иджырей мардэм къитIасэу зэрагъэпщыжынущ.

Абхъазым и яп1э футбол командэр 1908 гъэм къызэрагъэпэщауэ щытащ, «Унитас» фIэщыгъэIэр зэрихьэу. 1961 гъэм ар «РитI» хъуащ, «Б» классым хэту СССР-м и чемпионатым щыджэгуащ, иужькIэ и цIэр «Динамо» жиIэу зэрахъэкIащ. Командэр СССР-м футболымкIэ и яп1э лигэм щыджэгуащ, 1991 гъэм лигэ нэхъыщхьэм кIуаэу щытащ.

**БЭТОКЪУЭ Албэч.**

## Футболым и ди къуэдзэ

### Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дзэмыхь Къасболэт

**АР-м и Президент Тхьэкlущынэ Асльэнджэрий и унафэкIэ, КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым хэку тхыдэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт «Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр къыфIащащ.**

А ЦIэ ЛЬАПIЭР къызэрыфIащамкIэ щыхьэт тхылъымрэ дамыгъэмрэ Дзэмыхьым къыщратыжащ КъБКъУ-м и филологие институтым и щIэныгъэ советым иригъэкIуэжа зи чэзу зэхэлъхьэм. ГуфIэгъуэ зэIуцIэм кърихьэлIат тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгей институтым и директор Кыргъ Iэсхьэ, а институтым тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщI Пэнэф Аскэр сымэ.

**ГЪУКIАКЪУЭ Инал.**

## Хэхэсхэм я бзэм егъэпIейтей

**Амман къалэм щылажьэ Адыгэ Фыщыж Хасэм Урысей Федерацэм и лыкIуэу Иорданием щыIэм зыхунгъэзащ щэрджэсхэм я бзэр яджыныкIэ, я щэнхабзэм зегрэзуажьыныкIэ, я хабзэр ящIэу я щIэбгъэ къэтэджыныкIэ зэпыкъуэгъу къахъухьуну, Абы ипкъ иткIэ, ди Посольствэмрэ Адыгэ Фыщыж Хасэмрэ зэгъуэгъуэ 2008 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм «Хэхэс адыгэхэм я бзэмрэ я щэнхабзэмрэ зыхунэ: ар гъэзэщIэным хэль гугъуехьхэмрэ зыхунщIну зыужьыныгъэмрэ» фIыщыгъэр зиIэ дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференц Амман щрагъэкIуэкIыну зэгурыIуащ.**

КОНФЕРЕНЦЫМ утыку къыщрахьэнущ Адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ хэхэс щэрджэсхэм я деж хъуна щыкIуэ зыIуу гугъуехьхэм, адыгабзэр зэзыгъэщIэнухэм я ныбжьым елъытауэ методикэ чэнджэщхэр зэхэтхьэн зэрыхьуейм, адыгэ лъэпкъым я тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр джынымкIэ щIэныгъэ центр Амман къызэрыщыIэуахынум, щэнхабзэ, щIэныгъэзэхъуэжьныгъэ и лъэныкъуэкIэ зэпыщIэныгъэр нэхъ кууэу гъэбыдэным теуха псапъхэмэ я зэIуцIэ нэгъуэщI Iуэхугъэхэри къыщаIэтынущ.

ЩIэныгъэ-практикэ конференцым хэтынущ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, ЩIэныгъэкIэ Урысей Академием Къуекъ1ыпI1э бзэхэр джынымкIэ и институтым я щIэныгъэлIэхэр, апхуэдэу Iорданиер, Сирием, Тыркуем, Ираким, Германием, США-м, Израилым, Иорданием, Инджылызым, Голландием щыпсэу хэхэс адыгэхэм къахэкIа Iэщ1агъэлIэхэр.

Конференцым и къызэрыгъэщIэнущ комитетым хэтхэм къызэрагъэпытэмкIэ, а щIэныгъэ-практикэм щIэнущ Iуэхэс адыгэхэр я адэ хэкужьым хуаIэ щIэныгъэр нэхъ бдыдэ хъунымкIэ.

**щIхьэщэмыщI Изэ.**

## Ухуэныгъэхэр йокIуэкI

ШЭРЭДЖ куейм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм дэт ЩIэнхабзэмкIэ и унэм и щхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и унафэкIэ гъэ кIуам зэрахъэкIауэ щытащ икIи абы и фIыгъэкI къызэтенащ зэман кIыхькIэ псы зыпхыкIыу щыта къуажэ библиотекэм и тхылъ хъумапIэхэр. Президент программэм ипкъ иту цIыху 600 щеджэ курыт еджапIэм и зы Iыхьэр сабий сад ящIыну. Iуэхажэ администрацэм и Iэтащхьэ Бозий Алексей щыгъуазэ дыдэрищIамкIэ, мы мафуэ дыдыхуэкIуэхэм зыхуеину мывэ кIэщхьыр крашэлIэнущ, класс папщIэу нобэм щхэ къагъэсэбэпа пэшхэм я блынхэр дахынурэ архитектурэ лэжьыгъэ щыхьэхуэм щIадзэнущ. Проектхэм къызэрыщыгъэгъуэмкIэ, пэщхэр нэхъ ину, хуиту яухуэнущ. Школ-сабий сад щапхъэм хуагъэкIуэну еджапIэр хьэзыр щыхьуну пIалъэр иджыпстукI1э ягъэбелджылыкъым, ауэ я кхуажэ унафэщIыпхъэ ныжьIэмкIэ, фокIадэм и зым иригъэлIэу зы сабий гуп нэхъ мыхьуми щаIыгъыну пэщIэр хъэзыр щIыпIэмкIэ щыщ1ыхьунущ. ЦIыху 70-м тещIыхьа сабий садыр зыуеину унэгъыщIэхэр кIаныр щымыIэу якрашэлIащ.

**ЛЪОСТЭН Муэ.**

## Мы къыдэкIыгъуэм фыкъыщеджэ:

### Ильэс 34-рэ къудей

**2008 гъэм накъыгъэ мазэм ильэс 200 ирокIу адыгэ щIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Хьан-Джэрий гуфIэн къыщIащащ.**



КУЭД къыгъэщIакъым Хьан-Джэрий - ильэс 34-рэщ зэрыпсэуар. И гъащIэр кIэщIами, абы къыхэзрихьэкIащ и цIэр ди лъэпкъым зэи щIамщымыгъупщэн лэжьыгъэ тельыджэ.

Хьан-Джэрий и Iэдакъэ къыщIэкIащ ноби зи пщIэмэ зи мыхьэнэмрэ ин дыдэ тхыгъэ купщIафIэ куэд - «Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэр», «Адыгэ тхыдэжьхэр», адыгэлI цIэрыIуэхэм я гъащIэмрэ я IуэхущIафэхэмрэ лъабжьэ зыхуэхъуа хьыбар хъэлэмэтхэр. Абыхэм Хьан-Джэрий щIхуташ адыгэхэм я тхыдэр, я хабзэхэр, я Iуэрыдуатэр. Адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъэуэгурыкIуэ «Нарт» эпосыр яIэ дыдэ хэIущIыIу зыщIар Хьан-Джэрийщ; пасэрей адыгэ пшынальэхэмрэ уэрэдэхэмри кууэ иджащ, апхуэдэ куэд зэхуэхьэсауэ щытащ.

***ЩIэныгъэлI, тхакIуэ щэджащэм и гъащIэмрэ и гуащIэдэкIымрэ щыгъуазэ фыхуащI 2-3-нэ напэхэм тедгъэ тхыгъэхэм.***



Ильэс 300 и пэкIэ къэбэрдей зауэлI-хэм Кьэнжалышхьэ щыгъэрахьа лIыгъэм и дамыгъэу щыIэм къыщIэкIа щауэхуэну фэеплъыр. Абы и проектыр суратыщI цIэрыIуэ Сэвкlуий Хьэмид игъэхьэзыращ.

Къэбэрдеим и пщышхуэ Хьэтlохьущокьэ Кургъуокуэ зи пашэ дзэм къыхьа текIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ и1ащ ди хэкум и мызакъуэу, ди гъунэгъу щыналъэхэми, уеблэмэ Урысейми я деж. Хэкум гузэвэгъуэ къыщыпльысым - я гъэмафэ щIэныгъэ ящIыну щыхуэхэсым - я гъэмафэ щхьэхуитныныгъэ зыхьумэжа лIыхъужьхэм хуагъэувыну мемориалым и тепльэр тетщ 4-нэ напэкIуэщIым.



ЦIыхухэр, ахэр сыт пъэпкъым щыщIи, я тхыдэм хуэпсэлъ кIыж зэрыхъуар иужьрей ильэхэсым я нэщэнэу ящIэнкIэ, дыщцыуэну къыщIэкIынкъым. Апхуэдэу зи блэкIам «IэпыIугъэ мэщIэжьэм» ящыщ1 адыгэхэри, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, абы дызыгъэнэщхъеи куэд хэтщ. Къэбгъэльэгъуэну ирикъунщ ильэсищкIэ ирагъэкIуэкIа зауэжьым.

А пъэхэнэм удын нэхъ хьалъэ зытехуахэм ящыщщ Шапсыгъ щыIналъэр. Абы хьыхьэ Шахэкlей къуажэм иджыблагъэ къыщыIэзыIуахащ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм хуаша мыеэпкъ фэеплъышхуэ. Абы теухуащ 4-нэ напэм тет тхыгъэмэ сурэтхэмрэ.



## Хьыбар гуапэ

### Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дзэмыхь Къасболэт

## ●Iуэрэдж куей

Школ-сабий сад щапхъэм хуагъэкIуэну еджапIэр хьэзыр щыхьуну пIалъэр иджыпстукI1э ягъэбелджылыкъым, ауэ я кхуажэ унафэщIыпхъэ ныжьIэмкIэ, фокIадэм и зым иригъэлIэу зы сабий гуп нэхъ мыхьуми щаIыгъыну пэщIэр хъэзыр щIыпIэмкIэ щIыщIэхьунущ. ЦIыху 70-м тещIыхьа сабий садыр зыуеину унэгъыщIэхэр кIаныр щымыIэу якрашэлIащ.

**ЛЪОСТЭН Муэ.**

## Радиом дехьэх

РАДИО хуэIуэхущIэхэм дихьэхэм я пэ Урысейпсо зэхьэзэхуэм щIидзауэ щытащ мазаем и кIэуэм. Радиостанц зэмылIэужьыгъуэу зыхэта зэпеуэм я зэфIэкI щагъэлъэгъащ Урысейм, СНГ-м я Iащ1агъэлI нэхъыфIхэу 1000-м нэблагъэм. Мы мазаем зэхьэзэхуэм и судейскэ коллегием зэфIэкIыфIзиIэхэр игъэбелджылащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу я цIэ къраIуащ цIыхуищым: Кьанжэжьэуп Алим, Каменев Сергей, Вэрыкъуэ Клим. Мыбыхэм я дэтхэнэ зыри ильэс куэд лъандэрэ радио Iуэхум дехьэх, иужьрей ильэсхэм абы щIэуэ кIыхьыпIэ щыщ1ыгъуэ зэрыщIэтыр. Дон Iуфэ Iус Ростов къалэм текIуэныгъэр къэзыхьэхэм саугъэт лъапIэхэр къащриатащ Ипщэ федеральнэ щIыналъэм и Радиочастотнэ центрым и унафэщI Лабунько Олег.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Адыгэ тхакIуэ Iэзэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ

## Езыр псэуху

**Адыгэ тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Хьан-Джэрий Псыжь и Iуфэм Iуса Льостэнхьэбл 1808 гъэм къушалъхуащ. Бытырбыкъ дэт кадет апвэнIэр къиуха нэужь, офицер хьуауэ, Хьан-Джэрий Персзауэми (1826 - 1828) Тырку зауэми (1828 - 1829) хэтащ, абы и ужькIэ Кавказ-бгырыс шуудэзэм къулыкъу щишIащ (1837 гъэм щыщIэдзауэ а шуудэзэм и Iэтащхьэу щыташ). Хьан-Джэрий и гъусэу а шуудзэм хэтащ Нэгуемэ Шори Пушкиным и «Современник» журналым зи тхыгъэхэр тradза Кьаз-Джэрии.**

Адыгэ тхакIуэ, этнограф, тхыдэтх Хьан-Джэрий Сультан. *(1808 - 1842)*

ДЭЗМ КЪЫХЭКIЫЖА нэужь, Хьан-Джэрий 1837 гъэм Кавказым кIыгъэзжащ, адыгэ хэкуэр эзэхикIухьащ, и лъэпкъгъэхэм я Iуэху зытетыр зэрригъащIу, ахэр щIэныгъэм и гъэугум тешэныжмкIэ хуэзфIэкI псори илэжьу (Къэбэрдеймк къэкIуащ, абы щыхьэт тохьуэ «Щэрдэжьым теуху тхыгъэхэр»).

Адыгэ хэкуэр къыщыIэзэхикIухьым, щыгъуаззэхэм зэратхьжакмкIэ, дэнэ жылэ дыхьэми, Хьан-Джэрий «гупагъэ, ныбжьэгъуГъэ къыщинэрт, лъэпкъэр езыхэм я Iуэху тэмэму зэрахьэжыфу щытыным къыхуигъэушырт». И лъэпкъгъэхэм здахэтым, абы илъагъурт ахэр зэрыщIэныгъэнэр, и нэгу щIэкIырт пасэрей пшыналъхэр хуэм-хуэмурэ зэрыбзэхыжыр. Хьан-Джэрий зэрильытэмкIэ, ар зи зэраныр адыгэхэр зэрыт хыбзэнщэрт, кьэрал хабзэ зэрахамылIырт, щIэныгъэншэу зэрыпсэурт.

Хьан-Джэрий итхыгъащ: «Езы гъащIэм цIыхум кьыхелхьэ акъыл жанрэ гупсысэ гъэщIэгъэнрэ. Ауэ а тыгъэ хьэлэмэтхэр щефIакIуэр, абыхэм сэбэпынагъ кьапыкI щыхьэр цIыхум щIэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зыдиужьмэщ». Аращ Хьан-Джэрий адыгэбззэм и лъырбей зэхилъхьауэ щIыщытар. «Си яп лъэбакъуэхэм - хьэрфыщIэхэмкIэ адыгэ хьыбарыкьхэмрэ уэрэдхэмрэ стхыжьын зэрысхуэзэфIэкIам сэ хьэкъыу си фIэщ ящIащ адыгэ хьэлэмэт щIэныгъэ зригъэгъуэтын папщIэ, мыхьэнэщхуэ эмIэ а Iуэхур кьызэрыдэхъулIэнур»,- итхыгъащ абы (зи гугъу ящIыр пасэрей адыгэ хьыбархэмрэ уэрэдхэмрэ щIэзэхуэхьэса тхьилъырщ, абы и Iэрытхыр ди зэманым къэсакъым е иджыри къэс зыри ирихьэлIакым).

1841 гъэм къулыкъум кьыхэжьыжьпэри, Хьан-Джэрий экъум кьыгъэзэжащ, и щIэныгъэри и гуащIэри лъэпкъым щхьэузыхь хуищIын мурад иIэу. Абы хунэсакъым тхакIуэр - 1842 гъэм дунейм ехыжащ (зэралъытэмкIэ, щхьэр ирахри, жагъуэгъуэхэм яукIащ).

«Акъыл жанрэ лIыхъужь хьэлрэ зыхъэль адыгэхэм, щIэныгъэ ямыIами, лIэщIыгъуэ кIыхь Iэджэм къыпхахащ пасэрей алыджхэри зытемыукIытыхьын щэнхабзэ лъагэ»,- щыхьэт тохьуэ Хьан-Джэрий. А «щэнхабзэ лъагэм» щыгъуазэ дащI абы кьыдэриIэкIа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм. Езыр псэуху, Хьан-Джэрий и тхыгъатIщ дунеим кьытехьар: «Русский вестник» журналым 1841 гъэм традзащ «Адыгэ тхыдэжьхэр»; 1842 гъэм а журнал дыдэм традзащ «Адыгэхэм я динир, хьэлщэнхэр, хабзэхэр, я псэ уклIэр» тхыгъэр. Адрей тхыгъэхэр хэлущIыIу щыхьуар Хьан-Джэрий дунейм ехыжа нэужыщ: урыс журналхэмрэ газетхэмрэ традзащ Хьан-Джэрий кьызэринэкIа тхыгъэ зыбжанэ: «Пщы Кьанбулэт» («Русский вестник», 1844 гъэ), «Кьунчыкьуэ и зекIуэ» («Кавказ» газетым, 1846 гъэ), «Абат Беслъэней» («Кавказ» газетым, 1847 гъэ), «Пщы АХэджакьуэ» («Сборник для описания местностей и племен Кавказа», 1893 гъэ).

1974 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм кьыщIэдэкIащ Хьан-Джэрий и тхыгъэхэр (Шэрджэсым теухуа тхыгъэхэм нэмыщI) щыIэзэхьэса сборникыр *(зыгъэхьэзырар филологие щIэныгъэхэм я доктор Хьэщхьуэжь Рансэщ)*. Хьан-Джэрий и лэжьыгъэ нэхьыщхьэр - «ЩIэрджэсым теухуа тхыгъэхэр» дунейм кьыщытехьар 1972 гъэрщ (Гарданов Валентинрэ Мамбэт Хьэлымрэ ягъэхьэзырауэ).

Щыгъуазэхэр (псалъэм папщIэ, Петербург щыщ, тхакIуэм и хэгъэрей Бурнашов В.) щыхьэт зэрытехьуэмкIэ, Хьан-Джэрий и Iэдакъэ кьыщIэкIащ «Адыгэхэмрэ абыхъэм я гъэзэринэкIа тхыгъэ зыбжанэ: «ЩIэрджэсым теухуа тхыгъэхэр» дунейм кьыщытехьар 1972 гъэрщ (Гарданов Валентинрэ Мамбэт Хьэлымрэ ягъэхьэзырауэ).

Щыгъуазэхэр (псалъэм папщIэ, Петербург щыщ, тхакIуэм и хэгъэрей Бурнашов В.) щыхьэт зэрытехьуэмкIэ, Хьан-Джэрий и Iэдакъэ кьыщIэкIащ «Адыгэхэмрэ абыхъэм я гъэзэринэкIа тхыгъэ зыбжанэ: «Пщы Кьанбулэт» («Русский вестник», 1844 гъэ), «Кьунчыкьуэ и зекIуэ» («Кавказ» газетым, 1846 гъэ), «Абат Беслъэней» («Кавказ» газетым, 1847 гъэ), «Пщы АХэджакьуэ» («Сборник для описания местностей и племен Кавказа», 1893 гъэ).

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

## Жанейхэм я зэуэкIэ

КЪРЫМ хьанхэм зэрахабзэмкIэ, я кьуэхэр щэрджэсхэм ирагъэпIырт, кьан кьыхущIурэ. Жанейхэм зы хьанкьуэ япIащ. Балигъ хьуа нэужь, хьанкьуэр и адэм хуащэжащ жанейхэм. Хьаным дзэщI кьахигъэкIэуэн хуейти, жанейхэр я кьаным щIэлъэIуащ, нэгъуэщI ядакьым. Абы щхьэкIэ зэщыхьэри, кьрым хьанымрэ жанейхэмрэ жку зауэ кьыхуащ. ИлъэсибликIэ зэзэуащ. Жанейхэм я кьарур кьаIэщIэухащ. НэгъуэщI кьахуэнжанэтэкъым жанейхэм: е хьаным и лъэгу щIэувэн, е я щхьэр иужьрей зауэм халъхьэн. Зэчэнджэщри, жанейхэм унафэ ящIащ: хьаным и лъэгу дыщIэувэ нэхърэ ди щхьэр зауэм хэтлъхьэмэ, нэхъыфIщ. Илъэсибл зауэр кьызытехьэльа жанейхэр кьэушнащ дзыхэ кьаХэкIынкIэ- зауэ кIыхьым щIэзэуIэдат, хьаным и лъэм пэлъэщынкIэ гугъэжьыртэкъым. Дзыхэ кьаХэмыкIын щхьэкIэ, жанейхэм я нэхъыжьхэм унафэ ящIащ: ди сабийхэмрэ ди бзылъхугъэхэмрэ ди щIыб дэдгъэувэнщи, бийм дыдэщIэувэнщ, сабийхэмрэ бзылъхугъэхэмрэ ди щIыб зэрыдэтыр яIъагъэмэ, зылI кьэдзыхэнкьым...

Аращ зэращIар. Сабийрэ бзылъхугъэрэ зи щIыб дэт жанейзауэлIхэр кьыкIуэтакъым, кьэдзыхэм кьаХэкIакъым. Куэд хэкIуэдащ иужьрей зауэм, абы щыгъуэ кьсжьа хьыбархэри уэрэдри иджыри кьэс кьадогъуэгурыкIуэ жанейхэм.

*«Пщы АХэджакьуэ».*

## Пасэрей тхьэхэр

**Хьан-Джэрий «Адыгэхэм я динир, хьэл-щэнхэр, хабзэхэр, я псэукIэр» тхыгъэм кьыхэзырыщIэлъэлъэуамкIэ, мажуский диным щитам щыгъуэ щэрджэсым тхьэ е тхьэпэлъытэкъуэдяIащ. Абыхэм кьадогъуэгурыкIуащ хьыбар хьэлэмэтхэр. Пасэрей тхьэхэм (е тхьэпэлъытэхэм) ящыщ зыжьанэм я щIэкъреIуэ Хьан-Джэрий:**

МЭЗЫТХЬЭ. Ар щакIуэхэм я тхьэуг адыгэхэм зэралъытэр, щакIуэ щежьэнум деж абы елъэIурт, я Iуэхур кьадэхьэн папщIэ. Адыгэхэм зэрыжаIэмкIэ, етх Хьан-Джэрий, Мэзытхьэ кхъуэпащэм щэсырти, мэзыр зэхикIухьырт, Мэзытхьэ джамэ, щыхьхэр хуейм щызэхуэсырти, ахэр пщащэхэм кьашырт. Мэзытхьэ зытес кхъуэпащэм и щыр дыщэпльти, мэзыр иигьэнэхурт.

ЗЕКIУЭТХЬЭ. Ар зекIуэIихэм я тхьэт, зекIуэ щежьэнум деж арат тыкъзыхуайащIыр. ЗекIуэтхьэ и цIэмрэ и хьыбархэмрэ ящымыгъупщами, адыгэхэм ящIэжьыркъым а тхьэм сыт хуэдэ теплъэ иIами.

ПСЫХЪУЭГУАЩЭ. Ар зи тхьэр псыхэрат. Адыгэхэм сурэт ящIу щытатэмэ, ар гуащIэ дахэкIейуэ кьатъэлIэгъуэну кьыщIэкIынт, етх Хьан-Джэрий.

АХЬIН. Ар нэхъ ягъэдъапIэ тхьэхэм ящыщащ, домбейуэ, гуащIэшхуэ хэльуэ зэралыгъуэ, зи тхьэр Iэщыщхуэрат. Зы унагъуэ гуэр исщ бгыщхьэм иджыри. Бжьыхьэм а унагъуэм я хъунэм зы жэм джэмыдэ кьыхаш, жэмым и бжьэм кхъуейхьэпрэ мэжаджэрэ кIэрапхэри, тхьэ щелъэIу жыг щIагъым яху. Ахьин и жэмлъэрыкIуэкIэ йодж- абы. Ахьин и жэмлъэрыкIуэм и ужь йоувэри, цIыхур тхьэ щелъэIу хуейм макIуэ. Жэмыр абдеж щыфIагъэж - Ахьин тыхь (кьурмэн) хуащI. ГъэщIэгъуэныращи, щыфIагъэжам деж жэмым и фэр щыграхыркъым нэгъуэщI щыпIэщи фэр щытрахыр; фэр щытрахам деж лыр щагъавэркъым. Лыр щагъэвам деж щапшыркъым - лыр ягъэIэпхуэурэща псор зэращIыр. Ахьин и жэмлъэрыкIуэм и лыр яшхьи ипэ тхьэлъэIупIэ хуейм щыхэхуэсахэр мэудж, кьофэ, уэрэдэр жаIэ, тхьэ йольэIу. ЗэрыжаIэмкIэ, Ахьин и жэмлъэрыкIуэр хьущэм езыр-езыруэ кьыхокI, йожьэри, тхьэпэлъыпIэ хуейм макIуэ - псыр кьйууэу хуэзами, зэпросыкI, кьуэри бгыри зэпеупщIри, тхьэлъэIупIэ хуейм йохьэ, и ужь итхэр кьыкIэлъысыху, куейм бууэ итщ. Ахьин и жэмлъэрыкIуэм нэгъуэщI хьыбари иIащ. *Епщыкlуиянэ лэщIыгъуэм Шапсыгъым къэкIуауэ щыта гъуэгуры-кIуэ гуэр ирихьэлIауэ щытащ мыпхуэдэ гъэщIэгъуэным:* **жэм джэмыдэ кхъуафжьейм ирагъэувэри, хым тращащ. Хы Iуфэм IусыкIа нэужь, жэмыр яукIри, псым хадзащ, нэгъуэщIу жьиIэмэ, хым тыхь хуащIащ...** Хы фIыщIэм АхьинкIэ едджу щытащ щэрджэсхэр, «Ахьин и жэмлъэрыкIуэм» араш хэкIыпIэ хуэхъуар.

Хьан-Джэрий и зэманым а хабзэр (хым тыхь хуэщIыныр) яхэлъыжакъым щэрджэхэсэм.

СОЗРЭЩ. Ар мэкъумэш зыщIэхэм я тхьэщ. ХьэмкIутIей жыг, кьудамибл кьытырнэри, унагъуэ кхъэ гъэ псом щдхъумэ, гуэным щагъэуври, Абы Созрэщ и пхъэльантхъуэкIэ йоджэ. Гъавэрэ зэщIакъуэжа нэужь, гуэным къыщIахри, Созрэщ и пхъэльантхъуэр унэм яхь, жьахафэм трагъэувэри, кьудамэхэм шэху уэздыгъэхэр кIэрагъапщIэ, уэздыгъэхэр щIагъанэ, пхъэльантхъуэм кьоуэкIри, унагъуэр Созрэщ йольэIу: «Ди гъавэр гъэбагъуэ, узым дыщыхьум»,- жаIэуэрэ. Илъэс хъурейм гъуэгу тета тхьэм, Созрэщ, а жэщым кьигъэзэжащ зэралытэр.

ЕМЫШ. Мэлыхьуэхэм я тхьэщ, мэлыр яхуэбгъуэн щхьэкIэ, аращ зэлъэIур.

НэгъуэщI мажуский тхьэ е тхьэпэлъытэ гуэрхэри яIэщ адыгэхэм. Ахэр я гъэлъапIэ, я фIэщ хъуэу щытами (абы хуэхейуэ зы лъэпкъи щыIакъым), гу лъытэн хуейщ а псом елъэгъкI тхьэ зэрыщIэми адыгэхэм я акъылымрэ я зэхэщIыкIымрэ нэсауэ зэрыщытам - Тхьэшхуэкъ йоджэ абы адыгэхэр.

ШЭРДЖЭСХЭМ чыриг-тай динри кьалъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохьуэ абыхэм иджыри къэ яхъумэ уэрэд гуэр. Уэрэдым кьыхощ Тхьэгъащэм (Марие) и щэр. Адыгэхэм чыристан диныр кьалъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохьуэ абыхэм иджыри къэ яхъумэ уэрэд гуэр. Уэрэдым кьыхощ Тхьэгъащэм (Марие) и щэр. Адыгэхэм чыристан диныр кьалъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохьуэ махуэIщ гуэрхэри (бэрэжьей, мэрем). Языныкьуэхэм ятх адыгэхэр псори чыристан диным зэгуэр ихьауэ щытауэ. Ар пэжкъым. Алыджхэм я фIыгъэкIэ, кьытлъэIэсауэ щыта чыристан диным зыщиубгъуакъым Шэрджэсым, и кьуэпсхэм задзакъым, зэман дэкIри, уэжьыхьжащ...

*«Адыгэхэм я динир, хьэл-щэнхэр, хабзэхэр, я псэукIэр».*

## Уэрэдыр адыгэхэм я псэщ

**Уэрэдыр адыгэхэм я псэщ, я гъащIэщ, хэкум кьыщыхьу псори кьызэрыщ гъуджэщ, я акъылри я гупсысэри зыгъэпса кьарущ. Ар абыхэм кьыдалъху, гущэм кьебэкъуэхьыу дунейм ехыжыху допсэу, я IуэхущIафэхэр щIэблэм хуехъумэ.**

**ХЬАН-ДЖЭРИЙ.**
*1836 гъэ*

Адыгэ зауэлI.
*Гравюрэр XIX лIэщIыгъуэм ящIащ.*

## Лъэпкъым и гъащIэ кIыхьыр къагъэлъагъуэ

***Уэрэд лIэужьыгъуэ куэд къадогъуэгурыкIуэ адыгэхэм. Абыхэм ущеделуэкIэ, уи нэгу къыщIохьэ адыгэ лъэпкъым и гъащIэ кIыхьыр - ар лIыгъэкIэ зэрыгъэщIар, лъагъажьэ зауэ куэдым зэрыхэтар, абыхэм я хэкум хуэIэ лъагъуныгъэр зэрыгуащIар уи псэкIэ, уигукIэ зыхьибощIэ. Адыгэ уэрэдхэр адыгэхэм я тхыдэ пэлъытэщ, абыхэм я нэхьыбэр щаусар белджылыкъым, ауэ Iуплщ уэрэд куэдым ныбжьыщхуэ зэрагъэр.***

***Адыгэ уэрэдхэм я гугъу щыпщIкIэ, гу лъытэн хуейщ абыхэм я нэхъыбапIэр джэгуакIуэхэм зэрыщэхалъхьам. ДжэгуакIуэхэращ зауэм лIыгъэ зыщIэзыхьэ лIыхъужьхэм я хъыбархэр уэрэдкIэ зыгъэIуэр, хэкум къыщыхьу-къыщыщIэ псори щIэблэхэм яхуэзыхьумэр. Уи нэкIэ плъагъу хуэдэщ джэгуакIуэхэм уэрэд зыхуауас къэхъукъащIэхэр, зэ зэхэпхамэ, джэгуакIуэм и уэрэдыр уигу ихужьыркъым, ар апхуэдизкIэ куущ, пкъыфIэщ, псалъэм я нэхъ шэрыуэкIэ гъэпсащи.*

*Я купщIэ елъытауэ, лIэужьыгъуэ зыбжанэ къыхэбгъэщхьэхукI мэхъу адыгэ уэрэдхэм. Абыхэм ящыщщ:*

ЛIЫ ЗАКЪУЭ ПШЫНАЛЪЭХЭР. Лыхъужь цIэрыIуэ гуэр дунеим ехыжамэ, лъэпкъым, ныбжьэгъухэм я лъэлукIэ, абы джэгуакIуэхэм уэрэд хуэхалъхьэрт, ар цIыхум щамыгъэгъупщэн щхьэкIэ. Уэрэд ирагъэдалъэрт лIыгъужьым и ирагъэдалъэрт лIыгъужьым и цIэмрэ я лIыгъэм и хьыбарымрэ иджыри кьэс ящыгъупщакъым адыгэхэм. ЗэрыжаIэмкIэ, лъэпкъитI зыгуэр щхьэкIэ зэщыпIэрэ зэдаузмэ, зи пщIэр нэхъ лъагэр зэхаГъакIым папщIэ, тегъэщIапIэ ящIыр папсэрей уэрэдырат: джэгуакIуэхэр кьраджэрти, уэрэдыр жрагъаIэрт, абы пщы зэрыхэмытыр ящIэрти. Зи фIыщIэр хэкум и пащхьэм щынэхъ лъагэр пасэрей уэрэдымкIэ зэхагъэкIырти, абы еувалIэрт псори.

ГЪЫБЗЭХЭР. Ахэр зыхуаусыр гуузу кIуэда цIыху насыпынщэхэрт. Гъыбзэ хуаусырт насыпынщагъэхэм я Iуэм, емынэ зэшм яхьа лъэпкъхэм, унагъуэхэм. Гъыбзэхэр езыгъэусыр насыпынщэм и Iыхьлыхэрт е и ныбжьэгъу-жэрэгъуэхэрт. Гум зыпхадз гъыбзэхэм, ауэ ахэр я кьарурэ гуащIэкIэ пэхъунукъым пасэрей уэрэдыжьхэм.

ЗЕКIУЭ УЭРЭДХЭР. Ахэр щыжаIэр зекIуэ щежьэм дежщ. Уэрэдыр кьыхадзэри, зы едзыгъуэ жаIамэ, зекIуэлIхэм ягу кьагъэкIыж пасэрей лIыхъужь, дзэщIэ хахуэхэр - ахэр щапхъэ яхуэхъун папщIэ. Уэрэдыр щыжаIэкIэ, едзыгъуэ кьэс, зекIуэлIхэм я пIэр щхьэрахри, шым и сокум нэкIкIэ зыхаIубэ, зыкьаIэтыжри, етIуанэ едзыгъуэр кьыхадзэ. ЗекIуэ уэрэдхэм гъуэгуанэ техьа шухэр лIыгъэм, хахуагъэм хузэщIаIэтэ, ягъэгушхуэ.

ГУЩэКЪУ УЭРЭДХЭР. ЦIыху цIарыIуэм и кьуэр зи кьан атэлыкьым джэгуакIуэхэм пщIэ яретри, кьаным уэрэд хуэзхрегъаIулхьэ. ДжэгуакIуэхэм абы кьыхагъащ кьаным и Iыхьлыхэмрэ и лъэпкъымрэ зэрыщIэрыIуэр, пщIэ яIэу абы зэрыгъэгурыкIуар - абы ящIэм драгъэпльеин щхьэкIэщ кьаным уэрэд щIэпIыкIыуэр, балигъ мэхъу кьаныр, балигъыпIэ иува нэужь, абы лъэкI кьигъэнэнукъым, нэхъыжьхэм я напэр тримыхьи щхьэкIэ. Абы и ужькIэ щIэбгъэщIэгъэн щIэжькIэм гущэкъуэм кьыщIэбгъэкъуэхам щыщIэдзауэ дунейм ехыжьхуэ адыгэм зауэлI хахуэм и щIыхьым щIэкъуэ зэпыту гъащIэр зэрихьыр.

ЩIАПЩэ УЭРЭДХЭР. Ахэр щыжаIэр уIэгъэ зытелъым щIэупщIакIуэ щыхуэкIуэм дежщ, ар трагъэуэн щхьэкIэ. ЩIэупщIакIуэхэм гупагъэ загуэшри, зэрэдыр зэпадзыжуэрэ жаIэ, абы щедаIуэкIэ, уIэгъэ зытелъым, сымаджэм и уэзыр нэхъ щогъупщэ.

САГъИЩ. Араш зэреджэр хьэдэм бгъэдэсурэ жаIэ уэрэдым.

ТХЬэПIщ УЭРЭДХЭР. Алхуэдэ уэрэдхэр щызэхэпхыныщ. ЩыблатхэрэР, нэгъуэщI мажуский тхьэхэр щагъэпъапIэ мяхуэхэм. Муслымэн диным зэрихьэ лъандэрэ адыгэхэм яIэщIэгъупщыкIыжьхуащ тхьэпщ уэрэдхэр. ГъэщIэгъуэныращи, тхьэпщ уэрэдхэм ящыщ щыкьыхоху Тхьэгъащэм и щIэ. Абы гукъэкI уеГъэщ тхьэпщ уэрэд гуэрхэр чыристан диным и ущиякIуэ ялыджхэм шэрджэсхэм я деж кьахьэсауэ щытагъэнкIэ зэрыхъунур.

УДЖ УЭРЭДХЭР. Ахэр щыжаIэр хьэгъэзэлIыгъуэхэм, гуфIэгъуэ махуэшхуэхэм дежщ: щIалъгъуалэр абыхэм кьыдофэ, кьыдоудж. Алхуэдэ уэрэдхэр, пшынальэхэр щымыIу зы гуфIэгъуэи кьыщцыхъуркъым Шэрджэсым.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

## Есэнокъуэ зэшхэр

ЗЭШИщ псэуащ, Есэнокъуэхэ ейуэ. Зэшищыр зауэм хэкIуэдащ, я лIыгъэм и хьыбар иджыри кьэс яIуатэ, я цIэр цIыхум ящыгъупщащкъым.

И куэщщр щигъэшэскIэ, Есэнокъуэхэ я фызыжьым яжриIэрт:

- Бийм фи щIыб евгъэпъагъунщи, фыкъаухIэ. Фыщ1эсэпъхьжыкъым.

Я анэм абыкIэ псалъэ ирамытауэ, зэшищыр зауэм Iухьэртэкъым. Я псалъэр ягъэзэщIащ зэшищмэ: я щIыб бийр кьрагъэпъкъакъым. ШынэхъыжьитIыр зауэм хэкIуэдэри, фызыжьым щIилъхьэкащ. НэхъыщIэр, зауэм хэт зэпытурэ, уIэгъэ хуащ, и псэр хэмыкI щыкIэ шым кьнхьыжащ. ПщIантIэм кьыдыхьэжауэ, зэшищым я нэхъыщIэм и псэр хэкIащ.

БжэщхьэIум кьытехьауэ, анэм илъагъуащ и кьуэ нэхъыщIэр шым кьыззэредджэлэжар.

- И шынэхъыжьитIым ялъ ищIэжа? - щIэупщащ анэр аргуэру.

- Къригъэпльакъым, - жраIащ, - шэр и бгъэгум кьихуащ.

- Къэзылъхуам хуэфащэщ, - жери Есэнокъуэхэ я фызыжьым и нэпсыр итIанэщ кьыщIехуэхар.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

* * *

***Спартанцхэм (пасэрей алыджхэм) мыпхуэдэ хабзэ яхэтащ. Бий кьатеуэрэ зауэ ящыкIэщIащ, зауэр ящхьэщыкIа нэужь, зауапIэм щыхуэбгъэр иуэрт. Зауэм хэмIуэдахэм я хьэдэр зэщIакъуэжьым щхьэкIэ. Щхьэж и хьэдэ зауапIэм кьрищыжьри, щIилъхьэжьыт - хэт и щхьэгъуэ, хэт и кьуэ, хэт и дэпъу. Хьэдэм бгъэдыхьэри, епIыпрт: зи щыб шабзэшэ хэтыр зауапIэм кьрахьжьыртэкъым. «Къэрабгъэщ, бийр и щыб къригъэпIащи», - жаIэрти, апхуэдизэ и анэми, и щхьэгъусэми, и щыпхъуми щIалъхьэжьыртэкъым, хамэм щIрагъалъхьэрт - къэрабгъэр щIалъхьэн езыхэм я щхьэ тралъхьэртэкъым.***

## Лъы ткIуэпс тщIэтыху

АНТЭНОКЪУЭРЭ Къамболэтрэ зэшитIт. Я адэр, Жанейм я пщыр, лIа нэужь, зэшитIыр зэщыхьэжащ, пщыгъуэр зэпаубыди. Зыкъомрэ зэныкъуэкъури, зэрытетэжкIуакъым. ЩыззрытемыгъакIуэм, Антэнокъуэ кьрым хьаным деж кIуащ, абы дзэ кьыIрихри кьигъэзэжащ. Кьрымыдзэр кьыдэIэпыкъури, Антэнокъуэ и шынэхъыжьыр Жанейм ирихуащ. Къамболэт бжьэдыгъуэм я деж екIуэлIащ. ЗэшитIыр куэдрэ зэзэуащ, лъы ягъажэурэ, жанейхэмрэ бжьэдыгъуэмрэ я кьарур кьаIэщIэухащ. Къамболэтыр я кьанти, бжьэдыгъуэр кIыгъэтынтэкъым. Кьрымыдзэр я щIыб зэрыщытам - Тхьэшхуэкъ йоджэ абы адыгэхэр.

ШЭРДЖЭСХЭМ чыриг-тай динри кьалъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохьуэ абыхэм иджыри къэ яхъумэ уэрэд гуэр. Уэрэдым кьыхощ Тхьэгъащэм (Марие) и щIэ. Адыгэхэм чыристан диныр кьалъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохьуэ абыхэм иджыри къэ яхъумэ уэрэд гуэр. Уэрэдым кьыхощ Тхьэгъащэм (Марие) и щIэ. Адыгэхэм чыристан диныр кьалъэIэсауэ зэрыщытам щыхьэт тохьуэ махуэIщ гуэрхэри (бэрэжьей, мэрем). Языныкьуэхэм ятх адыгэхэр псори чыристан диным зэгуэр ихьауэ щытауэ. Ар пэжкъым. Алыджхэм я фIыгъэкIэ, кьытлъэIэсауэ щыта чыристан диным зыщиубгъуакъым Шэрджэсым, и кьуэпсхэм задзакъым, зэман дэкIри, уэжьыхьжащ...

*«Адыгэхэм я динир, хьэл-щэнхэр, хабзэхэр, я псэукIэр».*

## Есэнокъуэ зэшхэр

ЗЭШИщ псэуащ, Есэнокъуэхэ ейуэ. Зэшищыр зауэм хэкIуэдащ, я лIыгъэм и хьыбар иджыри къэс яIуатэ, я цIэр цIыхум ящыгъупщакъым.

И куэщщр щигъэшэскIэ, Есэнокъуэхэ я фызыжьым яжриIэрт:

- Бийм фи щIыб евгъэпъагъунщи, фыкъаухIэ. Фыщ1эсэпъхьжыкъым.

Я анэм абыкIэ псалъэ ирамытауэ, зэшищыр зауэм Iухьэртэкъым. Я псалъэр ягъэзэщIащ зэшищмэ: я щIыб бийр кьрагъэпъкъакъым. ШынэхъыжьитIыр зауэм хэкIуэдэри, фызыжьым щIилъхьэкащ. НэхъыщIэр, зауэм хэт зэпытурэ, уIэгъэ хуащ, и псэр хэмыкI щыкIэ шым кьнхьыжащ. ПщIантIэм кьыдыхьэжауэ, зэшищым я нэхъыщIэм и псэр хэкIащ.

БжэщхьэIум кьытехьауэ, анэм илъагъуащ и кьуэ нэхъыщIэр шым кьыззэредджэлэжар.

- И шынэхъыжьитIым ялъ ищIэжа? - щIэупщащ анэр аргуэру.

- Къригъэпльакъым, - жраIащ, - шэр и бгъэгум кьихуащ.

- Къэзылъхуам хуэфащэщ, - жери Есэнокъуэхэ я фызыжьым и нэпсыр итIанэщ кьыщIехуэхар.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

* * *

***Спартанцхэм (пасэрей алыджхэм) мыпхуэдэ хабзэ яхэтащ. Бий кьатеуэрэ зауэ ящыкIэщIащ, зауэр ящхьэщыкIа нэужь, зауапIэм щыхуэбгъэр иуэрт. Зауэм хэмIуэдахэм я хьэдэр зэщIакъуэжьым щхьэкIэ. Щхьэж и хьэдэ зауапIэм кьрищыжьри, щIилъхьэжьыт - хэт и щхьэгъуэ, хэт и кьуэ, хэт и дэпъу. Хьэдэм бгъэдыхьэри, епIыпрт: зи щыб шабзэшэ хэтыр зауапIэм кьрахьжьыртэкъым. «Къэрабгъэщ, бийр и щыб къригъэпIащи», - жаIэрти, апхуэдизэ и анэми, и щхьэгъусэми, и щыпхъуми щIалъхьэжьыртэкъым, хамэм щIрагъалъхьэрт - къэрабгъэр щIалъхьэн езыхэм я щхьэ тралъхьэртэкъым.***

# Хъан-Джэрий къызэралъхурэ ильэс 200 ирокъу

## Абат Беслъэней

АБАТ Беслъэней шапсыгъ тхъэмадзэхэм ящыщ зыш и унагъуэм къышщалъэхуащ. Шапсыгъхэм я дежи гъунэгъу лъэпкъхэм я дежи пщІэхэуэ щаІащ Абатхэ, абы и фІыгъэкІэ шапсыгъ тхъэмадэ цІэрыІуэм и къуитІ Беслъэнейм Убыхымрэ щапІащ, къан ящІри; аращ зэшхэм я цІэхэр къызыхэкІар.

Къан зышІа лъэпкъым я деж щыІэху, Беслъэней куэдым щыгъуазэ хъуащ, акъыл жанрэ зэфІэкІрэ зэриІэр наІуэ ищІащ. ЩІалэ ныбжьым щита льандэрэ лъэпкъ Іуэхухэм хэІэбэф хъуауэ къэтэджащ Беслъэней, Тхьэр къыхуэуспуэз жьакІуэтІи, нэхъыжьыр нэхъщІи зригъэдзІуэфырт. Зэрыгубзыгъэм, зэрыжьакІуэм я мышІ, Беслъэней лІыгъэ зыхэхъэ цІыхут, я нэхъ шууейми кІыпИуэтынутэкъым.

Шапсыгъ уэркъхэм унафэр ІэщІаха нэужь, Абатхи я пщІэр къехуэхати, Беслъэней и гъащІэм и нэхъыбэр щигъаІуэр бжьэдыгъуэхэм я деж, и унэри и лъапсэри Шапсыгъым кІринауэ. Дзнэ щыпсэуми, Беслъэней зэриухуэр и лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхут. 1825 гъэм Беслъэней Тырпхъм кІуэуэ щытащ, абы Шэрджэсым къыхуимурадыр зэхигъэкІын папщІэ. ЦІыху Іущым щІэх дыдэ къыгурыІуащ Шэрджэсыр тырпхуэм щыгугъ зэрыпхъунуэр: зауэм (1828 гъэм) и уэжькІэ тырпхуэм я щыІб къагьэзэжащ, Шэрджэсым урысхэр уэрт хуащІри. Ар ябзыщІат тырпхуэм, ауэ Абат Беслъэней къыгурыІуащ шэрджэсхэм я нэщІыбгъэкІэ тырпхуэм хьэгъэщагъэ зэрыщІэзэрахьэр...

1830 гъэм, гъатхэрауэ си гугъэщ, фельдмаршалым *(Зи гугъу ящІыр Кавказыр и дзэпщ нэхъыщхьэ Паскевичщ)* и унафэкІэ генеральнэ штабым и офицер (Новицкий Г. В. - Ред.) Псыжь зэпрагъэкІауэ щытащ, хы Іуфэм Іус шэрджэсхэм я ТІасхъэ щІрагъэхьын папщІэ. Анапэ щежьэри, хы Іуфэр щІипщытыкІащ абы, Псыжьыщхь нэсащ. Гъуэгу тетыкУ, урыс ТІасхъэщІэхьым щІыгъуащ Абат Беслъэней и шынэхъыщІэ Убых. Урыс ТІасхъэщІэх къаэзэрыскъыхар, абы Беслъэней и шынэхъыщІэ Убых зэрыщІыгъуар къащІащ, Беслъэней и шынэхъыщІэ Абатхэ къайтэ хэхуащ. ТІасхъэщІэхым Убых щигугъэсакІэ, Беслъэней урысхэм я ІупэфІэгъущ - аращ шапсыгъхэр зэрегупсысар.

Беслъэней я Іуэхум зыри хищыкІыртэкъым, ауэ и къуэшым ар къыщыжриІам щыгъуэ кІасэ хуэдизкІэ: урыс ТІасхъэщІэхыр Псыжь зэпрыкІжат. «ЦІыхум ягу темыхуэн Іуэхум и ужь уиІэри, щхьэпсынщагъэ блэжьащ, - еригъэ Беслъэней и шынэхъыщІэм. - Ар къытхуэгъэнукъым, хьэргъэшыргъэ дыкъэхуэнущ. Къытхуэнэжьар зыщ: ШапсыгъыР хьэбгъыни, льэныкъуэ зегъэз».

Беслъэней зытешыныхьар щІэх дыдэ къалъэІэсащ Абатхэ: шапсыгъхэ къызэрыгъэгубжащ, къызэрыгъэсащ, псори зэкъуогъэвэжри, зыр зым къыдощІ.

Уэркъхэр къыкъуэузуа нэужь, шапсыгъхэм къагурыІуащ я фІы бзаджэм къару зэрирагъуэтар. Натхъуэдждым здэщІыІэм, Абатхэ къэдауэ хъуащ: ди мылкуи, ди льапсэ, ди щыгІи къыдэфтыжынщ, къыдэфтыжыху, фи ужь дикІынукъым.

Шапсыгъхэм хасэ зэхуашэсащ. Беслъэней хъыбар ирагъэщІащ: «КъакІуэ, унафэ тщІынщ», - жари. Беслъэней кжэІущ, ауэ хасэм яхьихьакъым: пщыІэ хисэри, льэныкъуэкІэ къэтІысащ. Жаг ъуэгъуэхэм хъыбар ягъэІуащ: Абатхэ ягъэІущ, урысыдзэ къакІэпхъокІуэ, Шапсыгъым къэблэгъащ. ХъыбарыщІ щІагъэІуар цІыхур къызэщІагъэпльэн щхьэкІэти, ар къехъуІащ Беслъэней и жагъуэгъуэхэм: зэрехьэжьэри, абы и хэщІапІэм ебгъэрыкІуащ. Щэрэлокъуэ Къызылбэч хахуэр къримыхьэлІатэмэ, Абатхэ абдеж щызэтрауІагъэнт: абы фІэлІыкІащ Беслъэней илъ зыгъэжэн мурад зыщІахэр.

Беслъэней къыгурыІуащ шапсыгъхэр фырыкІкІэ къызэрремыкІужьнур: Псыжь зэпрыкІри, къэзакъэхэм яхьихьащ; нэхъ иужьыІуэкІэ Псыжь зэпрыкІащ Абатхэ псори - шапсыгъхэм яхэзгъэжьнутэкъым...

Кадет корпусхэм щрагъэджэн папщІэ, бгырыс щІалэ цІыкІу гуп 1834 гъэм Бытырбыху яшауэ щытащ. Абыхэм ящыгъуащ пщІэ зиІэ тхьэмадзэ зыбжани; Абат Беслъэней къадэкІуащ тхьэмадзэхэм, абы щыгъуэщ Беслъэнейрэ сэрэ хэгъэрей дыщызэхуэхъуар.

Шэрджэсым ифі фІэкІ, и Іей зэрихуакъым Абат Беслъэней, урысхэм гъунэгъу защІыхуищІри аращ: урысхэмрэ шэрджэсхэмрэ зэуВлІамэ, тІуми я фейдэ зэрыхэлъым шэч къытрихьэртэкъым Беслъэней. Абы зэрильытэмкІэ, Урысейм бгъэдауэзи фІэкІ, нэгъуэщІ гъуэгу яІэтэкъым шэрджэсхэм. Истамбул зыбжанэрэ щыІащ Абат Беслъэней, кІуэху къэси ильэгъуащ тырпхуэм уащыгугъ зэрыгъэрей дыщызэхуэхъуар. И льэпкъэгъуэхэм я Іуэхум апхуэдизу хигьапльэ, иригузавэ лІым щІэныгъэ иІакъым, европей щІэныгъэ иГуэтауэ щытатэмэ, абы хуэзэфІэкІынкІэ хъунур къызыфІэгъэщІыгъуейщ.

Бытырбыху дэсыху, лЫщхьэ куэдым яІуІащ шэрджэс щІэрыІуэр, пащтыхьми хуэхъащ. ЗыІуІэ гъомм гъэщІэгъуэн къащхьэхуащ бгырыс тхъэмадзм и гупсыскІэр: пэбдзын щІыІэтэкъым и псальэм...

Абат Беслъэней цІыху хэщІыхьат, бжьыфІэт, и тепльэ къудейми къыбжиІэрт абы акъыл жан зэриІэр. АпхуэдизкІэ жьакІуэти, цІыхум яхьихьамэ, я тхьэкІумэ гъэкІауэ, зригъэдзІуэфырт. ЦІыхур зэригъэдзІуэнэрэ зэриущиныкъэ и Іыгъэжт Беслъэней - и нэмыщІэкІар, игъэунэхуар мащІэтэкъым: Шэрджэсым зы Іуэхугъуи къыщыхъуагъэнкъым ар хэмытауэ. Апхуэдэ цІыхут ар, гумызагъэт, дзни нэсырт, зэриухуэри и щхьэ Іуэхутэкъым - и лъэпкъэгъуэхэм я Іуэхуэр я гузэвэгъуэрэт.

Ильэс хыщІым щхьэдэхауэ дунейм ехьажащ Абат Беслъэней - куэд къимыгъэщІами, куэд хузэфІэкІащ, дэнэкІи щэрыІуэ щыхъуауэ псэуащ, и гъащІэр иухыху. Аращ ар щІалэмыгъэпщэр - и ныбжьэгъуэхми и жагъуэгъуэхми. Апхуэдэр льэужьыншэ хьум ящыщкъым.

ХЬАН-ДЖЭРИЙ.

*1841 гъэ*

**Апхуэдэщ Іэ зэрехьэ кІахэ адыгэхэм я щІыналъэм ит мэзышхуэ гуэрым. Хьан-Джэрий эритхыжьмкІэ, ар мэз дэгут, абрэдж тІысыпІэти, ущІыхьэнкІэ щыналъэут, цІыхум къыщыкІухьырт. Хьан-Джэрий мышхуэзэ хьыбар къызэриІащ.**

ДОНЭКЪЕЙКІЭ зэджэ абрэдж щІэрыІуэ гуэр щІэст Тхьэщ1агъ мэзым. Донэкъей щІэ- сыху, Тхьэщ1агъ мэзым щІыхьэфар машІэщ - закъуэтІакъУэт езыкур. Апхуэдэ закъуэтІакъУэм ящыщащ Нэгъуэзий1кІэ эджэщІалэр. Нэгъуэзий и шынэхъыжьыр, Бэракъыхь, хъыжэт, лІы мышынэт, адыгэ шуудзэр зауэм щыІухьэкІэ, бэракъыр дзыхь зыхуащІыр арат. Бэракъыхь Кавказ зауэм хэкІуэдащ. ЛІыгъэ дальэгъуати, Бэракъыхь щІэрыІуэ хуэщ, и шытхъуцІэр жыІэм хэз хъуащ. Бэракъыхь и шынэхъыщІэми, Нэгъуэзий, имыщІэнрэ зримыкунрэ щыІэтэкъым, цІэрыІуэ хъун, и щытхъуцІэ игъэІун льаГъуэ мэзым къыхинэжакъым, арщхьэкІэ Донэкъей ирихьэлІамэ, гуэзвэгъуэм къыхишыртІи, ар гъУэгу щытригъэувэжкІэ, Нэгъуэзий дэгушІэрт: «Хэт урихьэлІа?» - жаІэрэ къоупщІмэ, Нэгъуэзий уэзрырихьэлІар умыбзыщІ: уи жьэм пщІэ щІэптрэ - къысщытхъу, си фІыщІэ зытумыгъэкІуадэ», - жиІэуРэ. Шыи Іэщи зритар машІэкъым: «Ягу сильнщ, си цІэ жаІэнщ» - арат псори щІищІэр. «Нэгъуэзий цІыху хьэлэлщ, эрЫн эрЫн, и щытхъущІэ ирахьэжьащ, ауэ ар машІэт Нэгъуэзий дежкІэ: лІыгъэкІэ цІэрыІуэ зэрыхъунымщІэкъурт. Зауэм хьхьащ Нэгъуэзий, и ныбжь нэри. ПсэзэпылъхьэпІэ ихуакІэ е пащІэгъэлигъуэ хэхутакІэ къэдзыхауэ ялъэгъуакъым щІыхум. Абы тетуРэ, Тхьэщ1агъ мэзым щІэс Донэкъей и хьыбар зэхихащ Нэгъуэзий. Жылэм къызыпакІух мэзым щІыхьащ щІалэр: «Донэкъей сызэрыщІмышынэр езгъэлъагъунщ», - жери. Мэз кІыфІым щІыхьэри къуакІэбгыкІэр щІищІакІащ, зытемыхьа льаГъуэ мэзым къыхинэжакъым, арщхьэкІэ Донэкъей ирихьэлІакъым. ЩримыхьэлІэти, щІэхуэ ихьэри, гуоущ Нэгъуэзий: «Донэкъей, лІыгъэ уиІэмэ, къыхэкІ мэзым - сэ уэращ сыкъызыкІэлЫыкІуар», - жери. Нэгъуэзий и псальэр Донэкъей деж нагъэсащ. «И псэр иужэгъужауэ къыщІыкІынщ, мышэм зыгуэр къыщІыхьащи», - жраІащ Донэкъей. «И гугъу фымыщІ абы, - къажриІащ Донэкъей и гъусэхэм. - Сэракъым ар зыхуейр, зэпІэр нэгъуэщІщ: Донэкъей зыкъыгъэуКІащ жаІэмэ, цІэрыІуэ ири-хъунущи, аращ къызыкІэлъыкІуар».

Зэщэр къемыхьуІауэ, Нэгъуэзий ТхьэщІагъ мэзым къыщІэкІыжащ, ауэ куэд ихьыжакъым: и шынэхъыжьыр къауКІа нэужь, бэракъэхьэ чэзур къыльысауэ, зауэм хэкІуэдащ. ЗэщитІыр къызыхэкІа льэпкъыр апхуэдэ пщІэ иІащ Кавказ зауэм и льэхъэнэм: зауэм щыІухьэкІэ бэракъыр дзыхь зыхуащІ шу дахуэ куэд къыхэкІащ Бэракъыхьрэ Нэгъуэзийрэ я льэпкъ щІэрыІуэм.

*«Пщы Ахэджакъу».*

КАВКАЗ-БГЫРЫС ЭСКАДРОНЫМ И ОБЕР-ОФИЦЕР.

**Сурэтым кьищ шууейр яп адыгэ щІэныгъэлІ Хьан-Джэрий СультІану худогъэфащэ** *(1831 гъэ).*

*Художникыр* **Монтен Дмитрийщ.** *1844 гъэ*

## ХэгъакІэ щІалэ

ХЭГЪАКІЭХЭМ ящыщ щІалэщІэ гуэр лЫщІалкІуэ ежьауэ бжьэдыгъуэхэм я мэл игъэхьуг. ЩІалэм мэл щигъэхъур Хьэдэгуэлэ зэджэ шытхыпрат.

Махуэ гуэрым а шытхым щетІысэхащ бжьэдыгъуэ щІалэ гуп: нэщанэ зэдоуэ, мэ джеГу, мэ-гушыІэ. Абы хэтуРэ, лЫгъэ-шыгъэ хьыбар къыхадзауэ, щІалэхэм ящыщ зыми жиІащ: «ЛЫ щыІэнкІэ хъун, и псэ емыблэжу, мо щых уплІэм ельэн».

Шытхыр щыхупІэ задэ еуалЭрти, арат щалэм, зи гугъу ищІыр. «ЩыІэнщ апхуэдэлІ, щыІэнкъым», - жаІэуРэ, бжьэдыгъу щІалэхэр куэдрэ зэдэуащ. Абы-хэм я псальэр щыІэхихым, мэлыхьуэ щІалэр къабгъэдыхьащ. «Бжьэдыгъуэхэм схуажефІэк, абыхэм я цІэ Іун папщІэ, мы бгым сызэрелъар», - жери хэгъакІэ щІалэр щыхупІэм ельащ, къызэремыльнур ищІэрэ пэт.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

* * *

*Хэгъакіэхэр - хы фІыщІэм и Іуфэм, Анапэ и Іэшэлъашэм Іуса адыгэ лъэпкъщ, ещІыкІубгъуанэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм натхъуэдж адыгэхэм яхэшыпсыхьыжащ, «Хьэдэгуэ» цІэр а хьыбарым кьыдежьа-гъэнущ.*

**Апхуэдэщ Іэ зэрехьэ кІахэ адыгэхэм я щІыналъэм ит мэзышхуэ гуэрым. Хьан-Джэрий эритхыжьмкІэ, ар мэз дэгут, абрэдж тІысыпІэти, ущІыхьэнкІэ щыналъэут, цІыхум къыщыкІухьырт. Хьан-Джэрий мышхуэзэ хьыбар къызэриІащ.**

## Греч и хьэщІэщым

«ИДЖЫПСТУ хуэдэу сощІэж, махуэжу жаІуэ Греч Николай деж хьэщІэ гуэр къэкІуащ. А хьэщІэр и теплъэкІэ зыми ещхьтэкъым. Абы и нэ фІыщІэхэр и нэкІу къамыпыфэ дахэм къыхэплъырт, пащІагъуэ мащІэ тетт, и щхьэщыгъуафэр лъагуэу щІэщат. Греч и пэшышхуэм къыщыхъа хьэщІэр жьы зыщІэт, угъурльафэ зытет, удэзыхьэх хьэлэмэтыгъэ зыхэлъ гуэрт. И дуней тетыкІэмрэ и зыІыгъыкІэмрэ хьэщІэм сабырифэ къытрагъауэрт, ауэ ар шынэм къыхэкІыртэкъым; абы и нэхэр щІэхщІэхыурэ къыхэлыдыкІырт, ар губжьы аратэкъым, атІэ къару мыкІуэщІэж зэрыхэлъырт... Ар, щэрджэс щІалэщІэр, гвардием и полковник, флигель-адьютант Хьан-Джэрийт.

**БУРНАШОВ Владимир.**

*«ГукъэкІыжхэр». «Заря» журнал, СПб, 1871 гъэ.*

***Бурнашов Владимир зи гугъу ищІ Греч Н. И. и хьэщІэщым щеблагъэхэм яхэтащ урыс усакІуэзхэр Пушкин Александр. А хьэщІэщым Пушкинымрэ Хьан-Джэрийрэ нэІуасэ зэрыщыІэзэхуэхъуам щэч хэлъкъым.***

## Къанщауэрэ Гуащэгъагъэрэ

**ГъэщІэгъуэн дыдэщ Къанщауэ (Къанщобий) и хьыбархэр. Гум хохьэ абы хуауса уэрэдри. Апхуэдэ хьыбархэмрэ уэрэдхэмрэ дэтхэнэ адыгэ лъэпкъми апхуэдизкІэ я куэдщи, ахэр зэхуэпльэсамэ, тхылъ Іэджэ хьунт.**

УЭРЭДКІЭ щыхьэт зытемыхуэ хъыбархэр сэ сфІэхьэлэмэткъым, апхуэдэ хъыбархэр нэхъ мащІэщ. Къанщауэ и уэрэдым къыхохуэ Еруан, е Аруан быдапІэм и щІэ - а къэрар зэхэзыщтахэм яхэтащ уэрэдыр зыхуаусар («топышэ Іугъуэм хошасэ», жеІэ уэрэдым). Апхуэдэ щІэзэыхьэ къалэжь гуэрхэм ущрохьэлІэ Шэрджэсым. Ауэ белджылыкъым абыхэм топкІэ къебгъэрыкІуар.

Къанщауэ и хьыбархэм къызэрыхэзыыммкІэ, ар Персиеми щІэныгъэкІэ мэхъу, ар пэжмэ, уэрэдым зи щІэ ириІуэ быдапІэр Ереванэ къыщІэкІынри хэпльщ. Дауи щрети, хъыбархэм тепщІыхьмэ, ар щэрджэскъым, атІэ къэршейщ; и щхьэгъусэр къэбэрдей уэркъ Ботэщхъэ япхъущ, и цІэр Гуащэгъагъщ. Абыхэм пхъуитІ яІащ - Къазэрэ Къатинэрэ. ГуащэгъагъкІэ зэджэ псынэ ущрохьэлІэ Псыжьыщхьэ.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

## ТхьэщІагъ мэз

щхьэкІэ. ГъуэгурыкІуэ гуэр гуэзвэгъуэ хэхуауэ ирихьэлІамэ, гуэзвэгъуэм къыхишыртІи, ар гъУэгу щытригъэувэжкІэ, Нэгъуэзий дэгушІэрт: «Хэт урихьэлІа?» - жаІэрэ къоупщІмэ, Нэгъуэзий уэзрырихьэлІар умыбзыщІ: уи жьэм пщІэ щІэптрэ - къысщытхъу, си фІыщІэ зытумыгъэкІуадэ», - жиІэуРэ. Шыи Іэщи зритар машІэкъым: «Ягу сильнщ, си цІэ жаІэнщ» - арат псори щІищІэр. «Нэгъуэзий цІыху хьэлэлщ, эрЫн эрЫн, и щытхъущІэ ирахьэжьащ, ауэ ар машІэт Нэгъуэзий дежкІэ: лІыгъэкІэ цІэрыІуэ зэрыхъунымщІэкъурт. Зауэм хьхьащ Нэгъуэзий, и ныбжь нэри. ПсэзэпылъхьэпІэ ихуакІэ е пащІэгъэлигъуэ хэхутакІэ къэдзыхауэ ялъэгъуакъым щІыхум. Абы тетуРэ, Тхьэщ1агъ мэзым щІэс Донэкъей и хьыбар зэхихащ Нэгъуэзий. Жылэм къызыпакІух мэзым щІыхьащ щІалэр: «Донэкъей сызэрыщІмышынэр езгъэлъагъунщ», - жери. Мэз кІыфІым щІыхьэри къуакІэбгыкІэр щІищІакІащ, зытемыхьа льаГъуэ мэзым къыхинэжакъым, арщхьэкІэ Донэкъей ирихьэлІакъым. ЩримыхьэлІэти, щІэхуэ ихьэри, гуоущ Нэгъуэзий: «Донэкъей, лІыгъэ уиІэмэ, къыхэкІ мэзым - сэ уэращ сыкъызыкІэлЫыкІуар», - жери. Нэгъуэзий и псальэр Донэкъей деж нагъэсащ. «И псэр иужэгъужауэ къыщІыкІынщ, мышэм зыгуэр къыщІыхьащи», - жраІащ Донэкъей. «И гугъу фымыщІ абы, - къажриІащ Донэкъей и гъусэхэм. - Сэракъым ар зыхуейр, зэпІэр нэгъуэщІщ: Донэкъей зыкъыгъэуКІащ жаІэмэ, цІэрыІуэ ири-хъунущи, аращ къызыкІэлЫыкІуар».

Зэщэр къемыхьуІауэ, Нэгъуэзий ТхьэщІагъ мэзым къыщІэкІыжащ, ауэ куэд ихьыжакъым: и шынэхъыжьыр къауКІа нэужь, бэракъэхьэ чэзур къыльысауэ, зауэм хэкІуэдащ. ЗэщитІыр къызыхэкІа льэпкъыр апхуэдэ пщІэ иІащ Кавказ зауэм и льэхъэнэм: зауэм щыІухьэкІэ бэракъыр дзыхь зыхуащІ шу дахуэ куэд къыхэкІащ Бэракъыхьрэ Нэгъуэзийрэ я льэпкъ щІэрыІуэм.

*«Пщы Ахэджакъу».*

**«Шэрджэсхэр Тхьэм дыкъихъумэ!» (Адыгэ лІыжьым нэмэз ещІ).**

*Сурэтыр мэжор художник* **Зичи Михаий** *ейщ. 1853 гъэ*

**● Нарт хъыбархэр**

## Хэт псом нэхърэ нэхъ цІэрыІуэр?

АДЫГЭ хэкуэр къыщыІэхъихыным, Хьан-Джэрий ирихьэлІащ хъыбар гъэщІэгъуэнхэр зытеІуэкІа къалэжь, члисэ кІутахуэ, мывэ сын куэдым. **«Гъэрпыкъэ зэуджэ кьаІэжь итщ Къэбэрдейм, Тэрч псым и сэмэгурабгъу льэныкъуэмкІэ, - итхьгъащ Хьан-Джэрий. - Абы и ныбжьыр зыми къыбжиІэфынукъым, ауэ хъыбар куэд къыдогъуэгурыкІуэ. Псыхуабэ пэмыжьжьэу, ЯтІэкъуэ псым и Іуфэм Іутщ Дыкъуэхэ я сынкІэ зэуджэр, абы фути 8-рэ дюймы 8-рэ и пьагагьщ, и щІыфэм цІыху, псэущхьэ гуэркъэм я сурэтыр гъэсыгьа тетщ, альидж, славян хьэрфхэм ещхькІэ тхауэ. Тхыгъэм зыри къедджэфыркъым, сыныр зыхуаГъуэвари ящІэжьрыкъым».**

Хьан-Джэрий зи гугъу ищІыр ЯтІэкъуэ сынкІэ е Дау и къуэ Бахьсэн и сынкІэ зэуджэрщ. Абы и лъэужь къыхэнащ адыгэ ІуэрыІуатэм; щІэныгъэлІхэм зэральытэмкІэ, сыныр зыхуаГъуэвар гъут зауэм хэкІуэда Дау зэшхэм пасэрей адыгэ дзэпщІ, щагъэуэвар IV лІэщІыгъуэрщ. Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ льэпкъым и тхыдэм» ущрокъэлІэ Дау и къуэ Бахьсэн и хъыбарми гъут зауэм хэкІуэда Дау зэшхэм и шыпхъуи нуса гъыбзэмп. ЯтІэкъуэ сыныр Бытырбыху яшауэ абы дэт Эрмитажым щахьумэ.

Адыгэхэм ижь-ижьыж льандэрэ къадэгъуэгурыкІуэ «Нарт» эпосым яп дыдэ тетхьыхьар Хьан-Джэрийм и ужькІэщ: ХьэтІохьущокъуэ Къазий 1864 - 1865 гъэхэм хэІущыІуэ ищІауэ щытащ Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Ашэмэз сымэ я пшынатІэ зыбжанэ.

**КЪАРТУЛ Хьисэ.**

**● Дзи сурэт гъэтІылъыгъэр**

## Джэгуакіуэхэм папщІэ

**Шэрджэсхэм я пасэрей уэрэдхэм ушытепсэтыхьыкІэ, гулъытэнщэ пщы хъунукъым ахэр зэхэзыльхьаэр. Зи гугъу сщІыр джэгуакІуэхэрщ.**

ПЩІЭШХУЭ яІащ абыхэм нэхъапэм. Джэгуакіуэхэм яус уэрэдхэм лЫхъужьхэм, цІыху цІэрыІуэхэм, дзэпщ хахуэхэм я цІэр щІэбІэм хуахьумэрт, арат абыхэм пщІэ лей щыхуащІыр. Езы джэгуакІуэхэри ирипагэт я Іэщ1агъэм, фейдэ хэкІыпІэ яхуэхъуурт; уэрэд ирагъэсыпумэ, пщІэшхуэ щІатыт хуей хъурт, абы къулей ирихъурт джэгуакІуэхэр. Гъэщ1эгъуэныракъэ, джэгуакІуэхэм ящІэрт щІэшхуэ хуащІми, езыхэм я пщІэр льагэтэкъым.

Уэркъхэм зэрапсэцІыхьыр джэгуакІуэхэм я Іэщ1агъэр, абыхэм яхьихьэртэкъым, ауэ джэгуакІуэхэм я къалэнт уэрэд ищІэныр. Лы хуэдэ лЫм дежкІэ къемылэгъэт джэгуакІуэу ежьэ жьыныр, а Іэщ1агъэр яфІэемыкІут. Езы джэгуакІуэхэрат ар зи лажьэр: ежьэуэр жылэхэр зэхакІухьырт абыхэм, я Іэщ1агъэр фейдэ хэкІыпІэ яхуэ хъуауэ.

Джэгуакіуэ псори апхуэдэкъым, дауи. Абыхэм яхэтщ фІэлІыкІ зиІэ, зи пщІэр лъагэ, зи псальэм яхуэ щІэн едаІуэ джэгуакІуэхэрэ. Апхуэдэ зыбжанэм я хъыбар яІуатэ иджыри къэс.

Мыпхуэдэ хъыбар зэхэсхащ. Пщы лъэпкъитІ зэдауэ хъуащ, жаІэ, нэхъ лъэпкъыжьыр яхуэзэхэмыгъэкІыурэ. Нэхъ лъэпкъыжьым, зэрыгурыІуэгъуэ, и пщІэр нэхъ лъагэ, щыхьри нэ хъ фІэлІыкІынут. Нэхъыжьыгъуэр зэпаубыдащ пщы лъэпкъитІым, куэдрэ зэдэуэ щхьэкІэ, ар яхуэзэхэгъэкІакъым.

Джэгуакіуэ цІэрыІуэ гуэрым ирахьэлІащ пщы лъэпкъитІым я Іуэхур. Зэгуэр къэхьуауэ щыта зауэ гуащІэм траусхьэа пасэрей уэрэдыжьым зи щІэр къыхэщІ пщы лъэпкъитІым нэхъыжьыгъуэр лЫсынути, джэгуакІуэр гузэвэгъуэ хэхуащ: лъэпкъитІым я зыр игъэкІэмэ, ар жагъуэгъу къызэрыхуэхъунур ищІэрт. ИтІани къэдзыхакъым: пасэрей уэрэдымкІэ зэхэгъэкІащ дэтхэнэр нэхъыжьми; абы еувэлІащ лъэпкъитІри - нэхъыжьыгъуэр зыльыбсыпкъэр джэгуакІуэм зэхигъэкІа нэужь, лъэпкъитІри я пІэ итІысхьэжащ, афІэкІащ зэдэуэжакъым.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

## Гъэщ1эгъуэн дыдэщ Къанщауэ (Къанщобий) и хъыбархэр

**Гъэщ1эгъуэн дыдэщ Къанщауэ (Къанщобий) и хъыбархэр. Гум хохьэ абы хуауса уэрэдри. Апхуэдэ хъыбархэмрэ уэрэдхэмрэ дэтхэнэ адыгэ лъэпкъми апхуэдизкІэ я куэдщи, ахэр зэхуэпльэсамэ, тхылъ Іэджэ хьунт.**

УЭРЭДКІЭ щыхьэт зытемыхуэ хъыбархэр сэ сфІэхьэлэмэткъым, апхуэдэ хъыбархэр нэхъ мащІэщ. Къанщауэ и уэрэдым къыхохуэ Еруан, е Аруан быдапІэм и щІэ - а къэрар зэхэзыщтахэм яхэтащ уэрэдыр зыхуаусар («топышэ Іугъуэм хошасэ», жеІэ уэрэдым). Апхуэдэ щІэзэыхьэ къалэжь гуэрхэм ущрохьэлІэ Шэрджэсым. Ауэ белджылыкъым абыхэм топкІэ къебгъэрыкІуар.

Къанщауэ и хъыбархэм къызэрыхэзыыммкІэ, ар Персиеми щІэныгъэкІэ мэхъу, ар пэжмэ, уэрэдым зи щІэ ириІуэ быдапІэр Ереванэ къыщІэкІынри хэпльщ. Дауи щрети, хъыбархэм тепщІыхьмэ, ар щэрджэскъым, атІэ къэршейщ; и щхьэгъусэр къэбэрдей уэркъ Ботэщхъэ япхъущ, и цІэр Гуащэгъагъщ. Абыхэм пхъуитІ яІащ - Къазэрэ Къатинэрэ. ГуащэгъагъкІэ зэджэ псынэ ущрохьэлІэ Псыжьыщхьэ.

*«Адыгэ тхыдэжьхэр».*

# Къэбэрдейм, адыгэ лъэпкъ псом я ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу Налшык къалэ щаухуэну мемориалым и теплъэр

Проектыр Урысей Федерацэм Художествэхэмкlэ и Академием и член-корреспондент, профессор Сэвкlуий Хьэмид ищIащ.



## Къэнжал зауэм и фэеплъ

**1708 гъэм кърым хъан Къаплъэн-Джэрий Къэбэрдейм кьытеуащ, ар и лъэгу щIигъуэвэн мурад ищIри. Тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкlэ, кърым хъаным и дзэр зауэлI минищэм нэсу щытащ; тэтэрхэм нэмыщI, хъаным и дзэм хэгащ тырку аскэрхэри.**

**Зэрыпхъуакlуэхэр Балъкъ псыхъуэ кьыдыхьэри, Къэнжал бгым деж щитIысыкIащ, къэбэрдейхэм кьыпаудыбащ кърым хъаным и Iэмыщlэ зраГъхьэн хуейуэ. Абы и пэкIи Къэбэрдейм кьиэрыгуэ зэпытащ кърым хъанымрэ тырку сулътIаным и дзэмрэ, ауэ ар къаэуэн, я лъэгу щIагъэувэн зэи яхуэзэфIэкIакъым. Къэнжал бгым деж щекIуэкlа зауэмн къащехъулIакъым ар: Къэбэрдейм я пщыпхуэ ХьэтIокъущокъуэ Кургъуокъуэ и дзэм зэхикьутащ зэрыпхъуакIуэхэр - мин зытхухщ къэбэрдейхэм кьелар.**

**ХьэтIокъущокъуэ Кургъуокъуэ и дзэм Къэнжал деж 1708 гъэм кьыщихьа текIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIащ Къэбэрдеймн ди гъунэгъу лъэпкъхэм я дежкIи - нужькlэ ахэр тегушхуэгъуафIэ ящIыжакъым зэрыпхъуакIуэхэм, абыхэм ящыхьума хъуащ ди хэкур.**

**ЩIэныгъэлIхэм зэратыжмкlэ, адыгэхэм Къэнжал деж кьыщахьа текIуэныгъэм мыхьэнэшхуэ иIащ Урысейм дежкIи: къэбэрдейхэм зэхаКъута нэжь, кърым хъанхэм я дзэр Полтавэ зауэм шведхэм щадэIэпыкъужьифакъым, а зауэм Петр Езанэм и дзэм шведхэр щыхагъэщIащ.**

Шахэкlей (Кlыщмей) шапсыгъ къуажэм кьыщызэIуахащ Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм хуагъэпса мывэпкь фэеплъыщхуэ.

КУЭДЫР щыгъу аэзщ Урыс-Кавказ зауэм и Iэжь мьхъуумыщIэхэм. Абы кьелар адыгэхэм я Iыхьэ пщIанэрщ. Псом хуэмыдэу хэщIыныгъэшхуэ ягъуэтащ тенджызь ФIыцIэ Iуфэм щыпсэуа ди лъэпкъэгъуэхэм - ар фIыуэ ящIэ дунейм и щIыпIэ куэдым щикъухьа щэрджэсхэм.

Илъэс 14 хьауэу накьыгъэм и 21-м мэщыгъуэ Шахэкlей къуажэм дэсхэр, ди лъэпкъым удын бзаджэхуэхъуа зауэ жьым кьыгъхуихьа кьулейсызыгъэ инхэр ягу кьагъэжIащ, дяпэкIэ лэжьыпхъэхэм, гулыитэ хэха зыхуэщIыпхъэхэм топсэпхьых.

Зи чэзу пэжIушхуэр иджыблагъэ Шахэкlей щызэхэтащ.

Куэд щIауэ шапсыгъхэр зыщIэхьуэпса мывэпкь фэеплъыщхуэр, адыгэхэм я тхыдэм и напэкIуцI нэхъ гукъуГэ дыдэм, Урыс-Кавказ зауэжьым теухуар икIэм-икIэжьым ХьэрыР ящIри, къуажэжьу дыдэм кьыщызэIуахащ, кьызэжу эса куэдым я гурыгу-гурыщIэхэм псальэнэшэу пщIэ жу. Ар гъэхьэзырыным хэлIыкфIыкъащ шапсыгъхэм я Адыгэ Хасэр, мы къуажэм дэт курыт еджапIэм щылажьэхэр, жылагъуэм «Кlыщмей» и фIэщыгъэу кьыщызэрагъэпэща щIыналъэ советым и унафэщIор. Гуъуущ, дауи, фэеплъ щIыным пащIэ Iуэхухэр зэфIэбгъэкIыныр. ИльэситI хуэдиз зэману текIуэдащ проектыр убзыхуным.

Гу зылыкIэпхъэщ фэеплъыщхуэр Шахэ псым пэгъэнгъуу джабэшхуэм и щыгум зэрытратеуар. Мыбдежым ущыту хуитту уольаГъу Ахьинтам, Кlыщмей щыкlу, Кlыщмеишхуэ къуажэ хэм я уэрамхэр. Домбейкъ пкъэбгъум къытольдыкI адыгэ лIакъуэхэм я вагъуэ 12-р, мывэпкь фэеплъым и курыкупсэм ирагъэуващ нартхэм мафIэ кьаХуэзыхь Сосрыкьуэ и сурэтыр.

Фэеплъыр зыгъэхьэзырахэм кьыдзэралытэмкIэ, абы кьеГэлъаГъуэ лъэпкъым и тхыдэ мытыншри, ди цыхухэм я псэемыблэжаГьри - ахэр гъащIэм, зыужьыныгъэм зэрыхуэпабгъэр. Фэеплъым те тхащ Урысейм и ялэ Президент Ельцин Борис Кавказ зауэр зэриухрэ ильэси 130-рэ щрикъум жиIэгъахэм щыщу мывэхуэр псальэкэ: «Кавказым и лъэпкъхэм бзэныгъэ гуащIэ ирагъэкIуэкIащ я щIыналъэм псэууэ кьыщыцIэтенэн, я щэнхабзэ хьуГъуэфIыгъуэхэр, хабзэ дахэхэр яхъуэжа папщIэ».

Апхуэдэ гупсысэр мызэ-мытIэу кьыхэщащ щыгъуэ пэкIум хэта бысымхэми хьэщIэхэми кьыжаIахэм. Зым и псальэм адрейм кьыпищэурэ, кьызэхуэсахэм ящыщ куэдым сэтей кьащIащ Урыс-Кавказ зауэм и щхьэусыгъуэхэр, екIуэкIыкIар, адыгэхэм къатепсыха бэлыхьхэр, хьэзабэхэр, лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, анэдэлхубзэр хь умэным теухуауэ кьыптэщыт кьалэн инхэр.

- Си щхьэр лъахьшэу яхузоГэщхь мы фэеплъыр зыгъэуваХэм, - кьыхигъэщащ илъэс куэдкIэ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щытта Пэш Мурдин - дэ ди кьалэнщ тхыдэм и кьэхъуГэхэр тщымыГъупщэнщр, фIым дыхуэлэжьэныр, кьыттэщыт лъэпощхьэпохэр губзыГъэу кьыэзэдэжьынум ехьэлIа унафэ щхьэхуэхэр кьащтащ. ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстаным, Къэрэшей-Щэрджэсым, Щэпсимм, Ингушым щыщ щэнхабзэм и лэжьакIуэ щIэрыIуэхэр. ЛIыкIуэхэр зэгурыIуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я кьафэхэмрэ макъамэхэмрэ теухуауэ тхылъ щхьэхуэ кьыдагъэкIыну.

**НЫБЭ Анзор,**
*«Шапсыгъ» газетым и редактор нэхьыщхьэ.*
*Шапсыгъ хэку, Псэзэпсэ (Лазаревскэ) поселкэ.*

Шахэкlей кьуажэм кьыщызэIуаха мывэпкь фэеплъым деж.

Шапсыгъ ныбжьыщIэхэм хы ФIыцIэм шамбыр Iэрамэ 12 халъхьэ.

# Тхыдэм и къэхъугъэхэр пщыгъупщэ хъунукъым

## Шапсыгъ щIыналъэм кьратхыкI

**Щэнхабзэ**

## Зэгурыlуэхэу, ауэ зэмыщхьу

**Творчествэмкlэ дунейпсо академием «стIол хъурей» щапхъэм ит зэIущIэ Владикавказ щригъэкIуэкIащ. Ар екъулIат Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ яку дэлъ зэхущытыкIэхэм.**

ПСОМ хуэмыдэу щIэныгъэлIхэр иджыпсту егъэпIейтей гъунапкъэ гъэбелджылам Iупщlу тету ижь къандэрэ кьекIуэкIа лъэпкъ къафэхэмрэ макъамэхэмрэ нужьрей эзманым щIыху щхьэхуэхэм я эрянкIэ эхъуэхрыхьыу эрыгъуэсжьам. Лъэпкъыбэ Кавказыр зы щэнхабзэ щапхъэм хуэбгъэкIуэныр сыткIи кьемызэгъыущ зэIущIэм кьыщыпсэлъа лIыкIуэхэм кьызэралытагъ. Абы и Iэужьыр зыщ - удз гъэгъа зэмылIэужьыгъуэ куэду зэхэлъ Iэрамэ дахащэр нэмрэ псэмрэ зыгъэгуфIэ зы щIэщыгъуагъы зыхэмылыж щытыкIэм хуэмурэ йохьэ. «СтIол хъурейм» бгъэдэсахэм апхуэдэ Iуэхур кьызэтегъуэвыIэным, дяпэкIэ зэрызэдэлажьэнум ехьэлIа унафэ щхьэхуэхэр кьащтащ. ЗэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Дагъыстаным, Къэрэшей-Щэрджэсым, Щэпсимм, Ингушым щыщ щэнхабзэм и лэжьакIуэ щIэрыIуэхэр. ЛIыкIуэхэр зэгурыIуащ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я кьафэхэмрэ макъамэхэмрэ теухуауэ тхылъ щхьэхуэ кьыдагъэкIыну.

**ЛЬОЕТЭН Муз.**

**Спорт**

## ТекIуэныгъэм кьыпэкIуа гулъытэ

БАСКЕТБОЛЫМКIЭ Ипщэ Федерациэ щIыналъэм и кIэух зэхьэзэхуэ екIуэкIащ. «Локомотив - Школьная лига по баскетболу» зыфIаща зэхьэзэхуэм хэта гупхэм я деж жэз медальыр кьыщахьащ Налшык и 3-нэ курыт еджапIэм и спортсмен ныбжьыщIэхэм. НэхъыфIхэм хабжа командэм дамыгъэ лъапIэхэр кьратащ «Урысей гъущI гъэзугъэр» ОАО-м и Iэтащхьэ Якунин Владимиррэ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щыГэ Рапотэ Григорийрэ. «Локомотив - Ростов» гъущI гъэзугъ Iэнатlэм и унафэщI Ведишев Андрей КъБР-м и спортсменхэр иригъэблагъащ Урысейм баскетболымкIэ и чемпионат екIуэкIынум зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуэну езым и клубым Ростов щригъэкIуэкIыну япэ дэзэгугъуэм. Ди республикэм щыщ спортсмен ныбжьыщIитIым кьратащ гъущI гъэзугъ транспортымкIэ Дон Iуфэ Iуё Ростов къалэм дэт университетым зепеуэм хэмыту зэрыщIэтIысхьэну грантхэр.

**ЖАНХЪУЭТ Зуз.**

**Тхыдэ**

## ПщыхьэщхьэХУЕГъэЗэк

щыхъум деж, зи махуэ гъуэгуанэр кьэзыкIуа дыгъэ гуащIэр нэхъ щабэу икIи нэхъ гуапэу кьэпс хабзэщ... Абы зыкъомкIэ ещхьщ зи ныбжь хэкIуэта цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм зэрызэуэжыр. И псэр гуапагъэм, щабагъэм нэхъ яхуэзIуха зэрыхьур. И гущIагъыщIэлъ нэхъ нэхуэгъ кьызэрыгушыр. И псалъэ нэхъ Iэфlхэр зэрызэхуихьэсыжыр...

ГУГ ЪАПIЭРЭ хъуэпсапIэу диIэхэм тепщIыхьмэ, дэтхэнэ цIыху гъащIэри зэрыкIэщI дыдэр, «гъуэрыгъуэ шэнткIэ» эджэмы дунеижьыр, «гъащIэ зиIэм уахътыи иIэжщжыхуаIэ хабзэ ткIийм тету, зэ мыхъуми зэ хэти зэрыIахьыжьынур, зи щIы щIыIури абы телъ фIыгъуэхэри тхуэзэрымыгъэгуэшурэ дызытекIыж а дунейм зэи, зыми, зыри зэрытримыхьыфар икIи зэрытримыхьыфынур, зи гуапагъэ нэхъыбэ кьытезыхьфахэм нэхъ цIыху насыпфIэ дунейм темытауэ кьыззральытэр, «псалъэ щабэ гу щабэщIщ» - жьхуаIэ псалъэжьым пэжагъ ин зэрыкъэпыр - мис ахэр зззмыкъэ дигу кьэдгъэкIыжыныр зэрыIуэху щхьэпэм, зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, щыхьэт тетхьэну сыкуейт мыбы щыщ зэхуэхьэса тхыгъэхэр. Аращ ди тхылъым и кьалэн нэхъыщхьэри...

ХЭТИ хуэмыдэжу, дэ адыгэхэр, нэхъыбэрэ дегупсысыпхъэу кьысщохьу «псалъэ щабэ гу щабэщIщ» псалъэжьым и купщIам... Япрауэ, Iэнатlэ гуГэу дыдэщI гущIэгъунщагъэрэ гупльытэнщагъэкIэ гъащIэр кIуэ пэтми нэхъ зыпеГъуэкI лъэпкъ цIыкIуэхэм языхэзым ущыщу, абы щыгъэми, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж цIыху дэтхэнэми кьызыхэкIа лъэпкъым хуиIэ гурыщIэм хуэдиз уиIэну уэзрыхуитыр пщIэжу, мы дунейм утетыныр... ЕтIуанэрауэ, а Iанатlэр пщIыкIэ, щэкIэ нэхъ гугъуж ещI, а узыщыщу уэзрыгушхуэ лъэпкъыр тхыда лъагъуэм гущIегъунщэу траущыкъуеиихьарэ дунейм тепхъауэ щыщытым деж... Ещанэрауэ, уи гур уагъэхуихьа пэ адыгэ лъэпкъыр кьызэщIэрыуэжа зэрыхъуну щыкIэхэр гурэ пэкIэ кьэзыльыхьуэу абы телажьэхэр кIуэ Iэнэхэм деж кьыщежьэу щыужьыхьыж уэршэр тэфэтелхэмрэ хьэныгъэ хуэзымыщIа е абы зиужьныныкIэ Iуэху щхьэпэхэр зымылажьа. Мис апхуэдэу Iуэхум убгъэдыхьэмэ, шэч лъэпкъ кьыгуныхьэжу жьыIэ хуунущ: ахэм ящыщ дэтхэнэми кьилажьащ езым хуэфащэжьи псалъэ гуапэ. Аращ дытезыгъэгушуари а тхыгъэхэр зэдгъэуIужу зы тхылъ тщIыным.

ЗыГУЭРХЭР кьигъэуIэбжьыкIэри мэхъу лъэпкъыр дызэрыгушуэ цIыху щэджащэхэм ятеухуа тхыгъэхэри, игъэ зэмыщу дунейм ехьжа ди ныбжьэгъуфIхэм яхужьIэ

# Псалъэ щабэ гу щабэщIщ

хэзэрыхьыжьпэу гурыщхъуэ уэзыгъэщI нэщэхэм. Гурыщхъуэ нэпцIу Тхъэм кьыщигъэкI... Мис мо ищхьэкIэ щыжьтIахэращ дз, адыгэхэм, дигухэр нэхъ зэхуэмыгъуэу, гъащIэм натIэкIэ дыщIэзэригулIхэм дежи, нэхъ зэхудэтчыхьыфу, хэти хуэмыдажу, зыгъэщIэдгъэкуэфу, ди лъэпкъымрэ ди жэпкъымрэ нэхъыбэрэ дащIэгупсысу дыщыгъэ щIыуеир.

СИ ТХЪЛЪЫМ хьыкащ очерк жанрым изагъэу кьыпщыхъу зыкъомы, шэщIауэ ттхьажа гукъэкIыж зыбжани, «гупыж псалъэ» зыфIэпщ хъуну тхыгъэ щIыкIу дыдэхэри, тхылъхэм е тхыгъэ щхьэуэхэм яхужьтIахэмрэ псалъащхьэ кIэщIхэмрэ, гуфIэгъуэ юбилей гуэрхэм ехутыпIауэ зэхэтIыхьа хъуэхъуэмрэ гушыIэрыхъуэхъуэмри, жанр гуэрми игъэтIэсэгъуей нэгъуэщI тхыгъэхэри... Пытта ильэс бжьгъэхэм къыззрагъэлъагъуэщи, ахэм я нэхъыбэр зэман зэхуэмыдэхэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэкIэ ттхьэу, иужькIэ зэдгъэуIужа тхыгъэхэщ. Аращ хэчыхьа къыхэхькIэм тету дагтехьыжьнкIэ щIэхьэуари, тхыгъэхэр я инагъ цIыкIуагъкIэ дызытетхьыхьа хэм я ныбжь, я Iэуэущафэ сыт хуэдизкIи тещIыхьыпауэ щIыщымытри. АтIэми си гугъэщ тхылъым хьыхьа тхыгъэ псори нэхъыщхьэмкIэ зэтехуэу: ахэр зытеуха, зэхьэлIа цIыкуэхэм зыри яхэткъым, мащIэ-куэдми, ди лъэпкъ культурэм хэлъ щыгъуэ псалъэхэри, нобэ тхуэпсэу ди ныбжьэгъу ящIыжьу пажэхэм, ди цIыкугъэфIхэм яхуэгъэза гушыIэрыхъуэхъуэхэри зы тхылъым зэуIу зэрыщытщам. АтIэми абы ухъэзагъэуIэгъэкIыжьынкIэ ди лъэпкъ ныбжьэгъуфIхэм яхуэгъэза гушыIэрыхъуэхъуэхэри зы тхылъым зэуIу зэрыщытщам. АтIэми абы ухъэзагъэуIэгъэкIыжьынкIэ ди гугъэкъым: адыгэм зэрыжьIтащи, гуаэри гуапэри зэпыпщ, - нобэ тхуэпсэу ди ныбжьэгъуфIхэм, ди цIыкугъэфIхэм дехъэхъуэрэ дадэгушыIэну Iэмал кьыдэзыт гукъэджьар диIэгъункIэ ди насыпу аращи, ар щIеткъухьм щхьэусыгъуэ ТхъЩхъ щIэх кьыдимыт. «Гушыlэр Тхьэм и щIэсэщ» жиIатэкъэ зи щIыхьыр ин Пасэрейм. АтIэ, Езы Тхьэ Дыдэм фIэфIхэм ящыщу кьытлыгъэса е «Iэфlыкlэм» щхьэ зыхэдгъэныжьын хуей цIыхухэм? Зыхэдыжыгъэн, сыту жьыIэмэ, дыщымыгушыIэжьыфыну зэман гъунапкъэншэм епльытмэ, дыщыгушыIэфынур напIэзыпIэ хуэдизи хъурхъым...

АДРЕЙУЭ. Гушыlэ хэпъу дызытетхъыхьа цIыхухэм лъытэныгъэ нэхъ мащIэ яхудIэу кьыкIуэныкIэ хъумэ, ину фIыщыIэнущ: мыбыхэмрэ дэрэ хэхауэ нэхъ дызэпэгъунэгъуу, ди гушыIэхэри ди гушыIэкIэхэри зэтеэгъэу дыщыпщ, ауэ щыхъукIэ Iуэхум губгъэн кьыхэмыкIынкIэ догугъэ...

Араущи, гузэгъэгъуэ диIэу, мис иджы фахыдошэ ди гуапэхужьыIэ тхыгъэхэм. Зэвмыусыгъуэдж.

**IУТIЫЖ Борис,**
*КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленриным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэжьэзыращ.
Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 10.008
Заказ № 1751